ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№220 (22.378) ● 2012 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 10, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр сомИ 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Абазэ М. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэрал кIэуцI органхэм илъэс куэдкIэ тэмэму зэрыщыIэхьам, и къалэнхэр нэгъэсауэ зэрыгъэзащIэм икIи хабзэншагъэхэм ебэнынымрэ жылагъуэ хабзэр хьумэныкIэ ешы и щыхэкIэ къарушхуэ зэрыфихьэлIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етын **Абазэ Мухьэмэд Ахьмэд и къуэм** - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм хабзэхъуэм органхэм ядэлажьэныжьмкIэ, терроризмэмрэ дин экстремизмэмрэ ялащIэныныжьмкIэ и къудэзым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КъАНОКIУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м
№156-УГ

● Узыншагъэ

Сымаджэщыр зыхуей хуагъазэ

Узыншагъэр хьумэныжьмкIэ IэнатIэр къэзыгъэзэжьым хуэгъэпсэ федеральнэ программэм ишхын ятIащI. Iуащхьмахуэ район сымаджэщым и къудамитI зэрагъэпэщыж. Мы ильэсым и кIэм нагъэсыну лажьыгъэм сом мелуани 4,6-рэ хухахащ.

РАЙОН сымаджэщым и лъэныкъо Атмурзаев Махьмэт зэрыжиIамкIэ, терапевт къудамэми сом мелуани 4,5-рэ и уасэ лажьыгъэ ирахьлIащ. Сымаджэхэм япэу кIыщыплъ пэшхэри 2013 гъэм зыхуей хуагъэзэжынущ.

«Къэралыр анхуэдизу кIыддIэпикIыуэ, зэманкIэщIым кIрыибыдэу сымаджэщыр кIан» щымыIэу зыхуей хуэдгъэзэфынущ, - жиIащ Атмурзаевым. А псом къадэкIуэу, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэм сом мелуани 6 и уасэ Iэмэпсымэщ Iэхэр щIагъуэращ, операцIэ щащI къудамэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ кIыцIрагъэпэщащ.

Гъэ зтIыпIи 185-рэ зиIэ сымаджэщым щагъэхъужьыр куейм ихсэм я закъуэкIым, атIэ туристхэри, абы хуэныкъуэ хьумэ, мы дохутырхэм я дежщ кIыдлажьIуэр. Мыбы щолажьэ дохутыр 49-рэ медицинэм и лэжьакIуэ щIыхуи 129-рэ.

ТАРИМ Алиса.

● Абы дегъэпIейтей

Ялъэкl къагъанэркъым

ДИ ГАЗЕТЫМ зэрытетащи («АП», №2218), Сириеи и Джолан пьагатIэхэм хиубыдэ адыгэ къуажитIым - БирдАджэмрэ Барекьэрэ - дэс ди лъпкъхъуэкIэр мы махуэхэм гуэвэгъуэшхуэ хэтщ. А щIыпIэм Iэщэкlэ щызэпэщIэт лъэныкъуитIым я зэхуаку дэкIуэдэнкIэ шынагъуэщ Бир-Аджэм кьыдана цIыхуэхэр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Барекьэ дэсхэр кьыдашащ, мыдрей жьлэм щыщ цIыхуи 100-м щIигъур щIыуэнэхэм зэрыщIэсщ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщIхь ХьэфIыцIэ Мухьэмэд кьыззэрыжраIамкIэ, махуэкум ахэр къыдашину автобуситI кIуэ щхьэкIэ, кьуажэ дыхьэпIэм деж мывэхэр щызэтралъхьауэ къыщIэкIри, дыхьэфакъым. Щэкlуэгъуэм и 8-м и жэщым щIыху 26-рэ езыр-езыру къыдэкIыфащ. Нобэ сыхьэт 11-хэм кьуажэдэсхэр кьыдашину зэгурыIуэ.

Мыбдежым щызэхэтщ Жор Плъыжьымрэ Мазэныкъуэ Щхьэуантlэмрэ я лIыкIуэхэр, абыхэм я Iэтащхьэр адыгэ щIалэ Дыгулъжь Хьэсанщ. Абы зэрыжиIамкIэ, мэзым щIэсхэм хъыбар ирагъэщIащ къуажадзэхэр къыдашину Iамал ядмыкIмэ, зауэшхуэ къикIынкIэ зэхэхъуэщ икIи тонн мини 175-м нэсащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельтауэ-ар процент 10-кIэ нэхъыбэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЖЭ Замира.

■ ЗэIуIэхэр ■ Фэеплъ ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Зэпеуэхэр ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Къэралым и Iэтащхьэм и унафэхэр

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир арэзы тельхъащ УФ-м Iэнатlэр ЗэщIэуэзэн и Къарухэм я Штаб ихъыщIхьэм и унафэщIу Герасимов Валерий гъэувыным теухуауэ министр Шойгу Сергей къыхильхьа жэрдэмым.

Апхуэдизу къэрал упафэщIым Iэ щIидзащ зыхьумэжьынагъэмкIэ министрым и яп къудзэгу Бахин Аркадий гъэувыным теухуа Указми.

НэгъэщI зы Указ кьыдигъэкIащ къэралым и Президентым - Москва областым и губернаторым и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзащIэну игъэщащ Воробьев Андрей, «Урысей зэкъуэт» партым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм и унафэщIыр.

Зыми зэран хуэхъуакъым

Японием и Фукусимэ, Ибараки префектурэхэм вэсэмахуэ щызыхащIащ щIыр зэрыхьеяр.

Сеймологхэм къыззрахутамкIэ, ар и Iэужьыхы Щрхэм и лъащIэм, километр тIощI и зи куэдгъым дежь хуэзэу, щIыр балли 5,5-рэ къаурр иIэу зэрыщыхьеяр. ЗэкIэ къызэратамкIэ, щIыхьэм зэтрикъутаIакъым, щIыхухэми зэран яхуэхъуакъым. АтомкIэ лажьэ электростанцхэми я хъуреягъым ущIэгъуэзвэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым.

Къалэдэсхэр гугъу йохь

Нью-Йорк бензиныр щызэпаубыдащ. А къалэм и Iэтащхьэ Блумберг Майкл зэрыжиIамкIэ, апхуэдизу щытынущ махуэ зыбжанкIэ.

Гъэсыныпхъэр зэгъэзэхуауэ къэзгъэсэбэныным теухуа унафэ ящIащ Нью-Джерси къалэм и Iэтащхьэхэми. Апхуэдэ гугъуехьэр кьашащ къэралым кьыщепща жьышхуэмрэ къалэхэм ящIэуа псыдзэмрэ я зэран щыдагъэм елажь завод хуэдэм зэрекIам, абыхэм я лажьыгъэр зэкIэ зэрызэтрамыхуухуэжьым.

МЫ МАХУЭХЭМ

ЩкIуэгъуэм и 10, щэбэт

и 1741 гъэм **Черкасский Алексей** (адыгэщ) Урысейм и яп канцлер ягъэуващ.

и 1982 гъэм **Брежнев Леонид** дунейм ехьащ.

и 1926 гъэм къалъхуащ Социалист Лъжьыгъэм и Лыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат.**

и КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Шыбзыхуэ Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 79-рэ ирокъу.

и Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и ректор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий** и ныбжьыр илъэ 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэзых мащIэ къыщепхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым 6 - 8 щыхъунущ.

ЩкIуэгъуэм и 11, тхъэмахуэ

и 1905 гъэм Севастополь и хьдзэлIхэм, портымрэ тенджыз заводымрэ я дэжьакIуэхэм зыкъалIэтат.

и 1908 гъэм къалъхуащ полковник, Бэракъ Плъыжь ордену 6 эрата Шемякин **(Къардэн) Михаил.**

и Совет Союзым и Лыхъужь, генерал-майор **Къардэн Кубатий** къызэралъхуэр илъэс 95-рэ ирокъу.

и 1920 гъэм къалъхуащ КъБР-м гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Гальперин Григорий.**

и 1937 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Жандэрэий Юрий.**

и Мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми мэкъумэщ хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ я дэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хьэмыкьуэ Владимир** и ныбжьыр илъэ 73-рэ ирокъу.

и 1958 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Iэдэм.**

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэзых мащIэ къыщепхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым 3 - 5 щыхъунущ.

ЩкIуэгъуэм и 12, блыщхьэ

и Урысейм и Сбербанкым и лажьакIуэхэм я махуэщ

и Пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Елене** кьыщалъхуа махуэщ.

и Иордан къэрал жылагъуэ дэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуэзэр» хьэрыпыбзэкIэ зытха **Баджэ Мухьэмэд-Хьер** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэзых мащIэ къыщепхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщми апхуэдизу щыхъунущ.

Пайдэгъэ мыхъуэхэмкIэ **ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Мариноч.**

Лъэпкъ Iуащагъэ:

Насып зиIэм шыIэ нIэщ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Спортым дихьэх сабийхэм къахохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зэIуIэм Правительствэм щыхъахаа зэманым хиубыдэу депутатхэр едэIуащ «Сабий-ныбжьыщIэ, студент спортым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законыр гъэзэщIа зэрыхьуэм. Абы техуауэ зэIуIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м спортымкIэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Мамхэгъ Хьэчим.

РЕСПУБЛИКЭМ и кьалэхэмрэ районхэмрэ физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным хуэунэтIауэ иужьрей зэманым лъэкьыгъэшхуэ зэрыгарэзыкIэлаI и фIыщIэкIэ физкультурэмрэ спортымрэ дихьэххэм я бжьыгъэм нэрыльагъуу хохъуэ. Иджыпсту зэпымыууэ физкультурэмрэ спортымрэ зыхуагъасэ республикэм исхэм ящыщу процент 15-м щIигъум е цIыху 185568-м. Республикэм щылажьэ спорт школ 52-м псори зэхэту щIыху 33420-рэ, абыхэм ящыщу 27456-р зи ныбжьыр илъэси 6 - 15-м ит сабийуэ, кьоКIуалIэ. Спорт гъэсакIуэхэм я бжьыгъэ 929-рэ мэхъу.

Физкультурэм зегъэужьным хуэунэтIауэ КъБР-м Спортымкlэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIар кьеГъэльагъуэ иджыблагъэ Налшык къалэм щыIэхыха «Кавказ Джэгуакlэхэр» фестивальм республикэм и спортсменхэр зэфIэкIыныгъэ яхэлъу зэрыхэтам, Школакlуэу 56-рэ, вузхэм я студенту 25-рэ зыхэта ди командэм япэ увыпIэр кьихьащ.

Мамхэгъ Хьэчим кьыхигъэщIыкIуэкIащ сабий-ныбжьыщIэ, студент спортым зегъэужьыныр спорт инфраструктурэр къэгъэщIэгъэщIэжьыным, иджырей спорт комплексхэр ухуэным, спорт Iэмэпсымэхэр кьэщэхуным кьыгурэхьапIэ имыIуэ зэрыпыщIар. Законыр гъэзэщIэнымкIэ унэтIныныгъэ нэхъыщIхьэхэм ящыщу спортым зыхуэгъэсэныжькIэ зэхуэдэ Iэмалхэр кьуажэдэсхэм кьалэхэм щыпсэухэми кьахуэхэмкIэ цIыхуэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныр иджыри нэгъэсауэ зэрыпэтемыувар. Мыхьэнэшхуэ зиIэ я кьалэнхьам дяпэкIи дэ кьаруушхуэ етхьэIэлIыж кьытпэщIыщ», - кьыхихгъэщхьэхуэкIащ къэпсалъэм. Абы кьыззэрилытэмкIэ, гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ школакIуэхэр нэхъ зыубгъуауэ спортым кьыхэсшэм. Сабийхэм ящыщу зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэм е кьарукIэ гугъу ехь мыхьуну кьалытахэм папщIэ иджырей методикэхэр зэхэлъхьан, экзэр спортым хэшэныжькIэ иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпын хуэлейщ.

ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгъуэкIыныгъэхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапсэхэм я Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщI **Хьэшхэмыкъуэ Татьянэ** щIэупщIащ ныкъуэдыкIуэхэр спортым хэшэныжькIэ зэфIагъэкIэхэм. Абы и жэуапу министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм жиIащ ныкъуэдыкIуэхэм я зэрыщымыIэр, ахэр спортым хуэгъэсэныжькIэ IэщагъэлIэкIэр зэкIэ республикэм зэрыщымыIэр, апхуэдизу ныкъуэдыкIуэхэм папщIэ спортым и кьызэгъэпэщагъэкIуэхэу Москва кьалэм щыIэхэм запищIэну икIи ахэр дэIэпыкъуэгъу кьэнщIыну.

«Совет зэманым «Рэ топ» щIэр иIэу сабий спорт зэщIэхьеенныгъэ лэжьащ. Абы нэхъыщIагъуу ди футболистхэм я бжьыгъэм кьыхигъахьэрт. А лэжьыгъэм зратыжьыныр пэж?» - щIэупщIащ «Захуагъэ здэщIы» Урысей» фракцэм и унафэщI Кебеков Владимир. Мамхэгъ Хьэчим абы и жэуапу кьыгъэльэгъуащ турнирыр кьызэрызэрагъэпэщцыжыр, абы зиубгъу зэпыту зэрекIуэкIыр.

ЗэIуIэм щыжIалэхэм ипкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым республикэм Спортымкlэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ и министерствэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ чэнджэщ яритащ физкультурэмрэ спортымкIэ IэщагъэлIэр гъэхьэзырынымкIэ, абыхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ иджырей технологиехэмрэ Iэмалхэмрэ кьагъэсэбэпыну, IэщагъэлIэр кьызэрыхахымрэ Iэнатlэхэм зэрырагъэуцвалIэмрэ тIкIийуэ кIэлыпIэльыну, цIыху куэд зыхэт спорт зэхьэхьэхэр - кьуажэ спартакиадэхэр, сабийхэм, студентхэм я спартакиадэхэр егъэжIуэныкIэмкIэ хабзэр зэтрагъэувэжыну, республикэм и спортсмен нэхъ лъэщу Урысейм и командэ кьыхэхахэм эхтэхэм зи чэзу Олимп зэхьэзэхуэхэм зыхуагъэхьхьэзырынымкIэ Iэмалхэр кьыхуэхьрагъэщIыну. Парламентаргъэм апхуэдизу кьалытащ профессиональнэ футболистхэр гъэхьэзырынымкIэ центрыр ухуэным, лажьэу щыIэ спорт Iуэхущапсэхэр зэгъэпэщыжьым, Налшык къалэ дэт «Кристалл» щIалэгъуалэ спорт комплексыр зэтегъэувэжьным гулытэ хэха хуэщIыпхъэу.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапсэм и лэжьакIуэ.

Бюджетым тепсэлъыхьынущ

2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м сыхьэт 14-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ 2013 гъэм, апхуэдизу 2014 - 2015 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектым щытепсэлъыхьынущ зэIуIэшхуэ. Абы хэтын папщIэ заявкэхэр, апхуэдизу документым хэлъхьэжьыпхъэу кьалъытэхэмрэ хуащI дагъуэхэмрэ организацэхэм, кьэрал, муниципальнэ органхэм ягъэхъ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкIэ и комитетым дек.

Адресыр: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, унэ №55.
Телефоныр: (8662) 42-60-84.

И махуэшхуэр хуаIэт

● ДифI догъэтъапIэ

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Iэпхъэ библиотекэм и унафэщI, профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и щIэныгъэлIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Емуз Анатолэ илъэс 75-рэ зэрырикъуар ягъэлъэпIащ.

ЛъэпкътI библиотекэм и лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкI хьэзэхъум кьеджащ зэIуIэр езыгъэкIуэкIа, Iуэхущапсэм и унафэщIым и къуэдзэ Зэхуэсым щэнхабзэмкIэ и министерствэм, Тхьэкуейм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим, нэгъэщIлIхэмкI кьабгъэдэкIыу нэхъыжьым зэрехьэхьуэ тхыгъэхэм Арзанунц Александрэ, Подрезовэ Ольгэ, Сэкрэк Заремэ сымэ кьеджащ.

Емуз Анатолэ и юбилейм ирихьэлIэу гулъытэ къыздихьащ Iэрыгъэ щIэтщ. А лэжьыгъэ псори ильэсым и кIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Интернетыр къагъэсэбэп

АДЫГЕЙ. ***Зи ныбжь хэкIуэтахэр Интернетыр къагъэсэбэныфу егъэсэным гулыIэ хэха щыхуащI республикэм. Иджыкlэ пенсионер 80 абы хуэщIэрыуэщ.***

Быгъуэсэ ныкьуэдыкьуэхэм папщIэ компьютер класситI къыззIуахащ. «Нанэ онлайн» - «Дадэ онлайн» курсхэр къэзыуха пенсионерхэм тхылъхэр ираташ. Интернетым хуеджэну гукъыдэж зиIэхэр щыху 600-м щIегъу.

УЭРДОКЪУЭ Жена.

Льэс льагъуэщIэ

УФ-м дыкъэзыухъуреихь дунейм зэкологиемкIэ и министр Донской Сергейрэ КъБР-м я къулыкъу дыдэр щызыгъэзащIэ Гызыев Бертрэ Москва лэжьыгъэ Iуэхукlэ щызэIущащ.

ГЪЭЗIЕВЫР абы щытепсэлъыхьащ республикэм псы хозяйствэхэмкIэ и комплексым зегъэужьыныжьмрэ кIэрыкубжьэрыхуэхэм елэжьныжьмрэ атеуухуауэ ди щIыналъэм къыщащта программэхэм.

ДызыхуэIуэ илъэсыр дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэныр и гъэу къалъытащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыхуигъэхъэзыр щIыкIэри утыку кьрахьащ: 2013 гъэм Налшык щыкъуэдиинущ Тхылъ Плъыжьым ихуа жыг лIэужьыгъуэхэм я льэс лъагъуэ. Апхуэдизу КъБР-м и къалэхьэм щрагъэкIуэкIынущ экологиемрэ щIыр тэмэму кьагъэсэбэпыныжьмрэ теухуа урысейпсо зэIуIэм. А Iуэхугъуэхэм хэтыну Гызыев Берт Донской Сергей кьригъэблагъащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Нэхъыжьыфlхэм я щапхъэм дытету

Ди лъэпкъыбзэмкIэ республикэм кьыщыдэкI газет закъуэр ди унагъуэм щIэсхэм фIыиуэ дольагъу, ди щIэщыгъуэу сыт щыгъуи дожэ икIи абы и къыдэкIыгъуэхэм дыполлъэ. Абы идогъуатэ ди щIыналъэм, къэралым, хамэ щIыпIэхэм кьыщыхъу-кьыщыщIэхэм ятеуухуа хьыбархэр.

Сэ урысыбзэмрэ литературэмрэ илъес куэд ганьдрэ щызогъэдж Дзэлыкъуэ куейм хьыкъэ Приречнэ кьуажэм. Ди жылэм куэду дэсщ урысхэри нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ щIыхьэхри. Псори дызэгурыIуэу, пщIэ зэхуэтщIу дызэдопсэу, щIэблэм фIыщ зэрыкуэдгъэсэжьыр дызыщIэхьуэр. Приречнэм ди анэдэлъхьэзм пщIэ зэрыщIэр зи фIыгъэхэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Абы яфIэгъэщIэгъуэну йоджэ кьуажэм дэс нэхъыжьыфIхэри ныбжьыщIэхэри, хьэлэмэт кьуэри ирагъуатэ.

«Адыгэ псалъэм» гу зэрыхуэсщIрэ куэд щIащ. Ар хуабжьу фIэфIу щытащ си анэ Лу Аминат. СощIэж: быным куэдрэ кьытхуэджэрт абы кьытехуэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Унагъуэ сихьэ нэужь, апхуэдизу щапхъэ дахэ щыщIэсу си тхьамадэ Шыбзыхьуэ Хьалиф и дежи. Абы газетыр кьанэ щымыIэу щыIджыкIырт, Iуэху зэхуэмыдэхэм ехьэлIа гупсысэхэмкIэ псоми кьыддэгъуашэрт. Нэхъыжьыфlхэм я щапхъэм быдетщ гъэтхьэгъэ-хэр. «Адыгэ псалъэм» пщIэ хуещI икIи и щIэщыгъуэу йоджэ си щхьэгъусэ Хьэсэнбий кьытщIохьуэ щIэблэри. Дэ тIури дыеГъэжджакIуэщ. ЕдгъэджкIэ мыадыгъэзэмк, ди пэжыгъэм кьыщыдогъэсэбэп газетым кьытехуэ тхыгъэхэу льэпкъ, хэкупсэ гъэсэныгъэм, адыгэм и тхыдэм, хабзэ-нэмысым ехьэлIахэр. Абыхэм ди щIэблэм я дуней еплъыкIэр яуэщI, гупсысэр нэхъ куу ящI.

ДызэригупсэмкIэ, «Адыгэ псалъэр» яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ адыгэ унагъуэми. Лъэпкъым ифI зезыхуэ, и зыужьныныгъэм хуэлажьэ а газетым и къэкIуэнур дахэ ирехъу.

ШЫБЗЫХЬУЭ Лиза, *егъэджакIуэ. Дзэлыкъуэ куей.*

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2013 гъэм и яп ихуэ ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедээнбр зэрекIуэкIыр. Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531



● Дунейм республикэхэм

Лырэ гъэшу къалэжьым хохьуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Iэщэхкl продукцIу кьыщыщIагъэкIым хэхьуэ зэпытщ. Мы гъэм и дыгъэ-гъаэм кьалмыкь лIужьыгъуэ Iэщышхуэу зы мин кьаIэрыхьэнущ.***

Республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм кьыззэритамкIэ, мазийм зэрылэжьаг зэхалхьхьэжати, шэуэ кьашым проценти 7,2-кIэ нэхъ ин. Лъэныкъуэ зэпэ-хэхьуащ икIи тонн мини 175-м нэсащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельтауэ-ар процент 10-кIэ нэхъыбэщ.

Электрокъарур ирашалIэ

Урысей Ипщэм щыпхагъакI турист кластер проектым ятпкI яткI, «Архыз» курортыр щыхуэу жылагъуэр электрокъарукI кьызэрагъэпэщащ.

А зэгъэпэхупIэм КИФЩJ-м, Краснодар краймрэ республикэмрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Уху-эныгъэр электрокъарукIэ кьызэгъэпэщыжьыр, гъуэгуэхэр пхышыныр, абы газ, псы ельэлIэныр КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и Iуэхугъуэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныр иджыри нэгъэсауэ зэрыпэтемыувар. Мыхьэнэшхуэ зиIэ я кьалэнхьам дяпэкIи дэ кьаруушхуэ етхьэIэлIыж кьытпэщIыщ», - кьыхихгъэщхьэхуэкIащ къэпсалъэм. Абы кьызэрилытэмкIэ, гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ школакIуэхэр нэхъ зыубгъуауэ спортым кьыхэсшэм. Сабийхэм ящыщу зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэм е кьарукIэ гугъу ехь мыхьуну кьалытахэм папщIэ иджырей методикэхэр зэхэлъхьан, экзэр спортым хэшэныжькIэ иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыну, IэщагъэлIэр кьызэрыхахымрэ Iэнатlэхэм зэрырагъэуцвалIэмрэ тIкIийуэ кIэлыпIэльыну, цIыху куэд зыхэт спорт зэхьэхьэхэр - кьуажэ спартакиадэхэр, сабийхэм, студентхэм я спартакиадэхэр егъэжIуэныкIэмкIэ хабзэр зэтрагъэувэжыну, республикэм и спортсмен нэхъ лъэщу Урысейм и командэ кьыхэхахэм эхтэхэм зи чэзу Олимп зэхьэзэхуэхэм зыхуагъэхьхьэзырынымкIэ Iэмалхэр кьыхуэхьрагъэщIэныну. Парламентаргъэм апхуэдизу кьалытащ профессиональнэ футболистхэр гъэхьэзырынымкIэ центрыр ухуэным, лажьэу щыIэ спорт Iуэхущапсэхэр зэгъэпэщыжьым, Налшык къалэ дэт «Кристалл» щIалэгъуалэ спорт комплексыр зэтегъэувэжьным гулъытэ хэха хуэщIыпхъэу.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапсэм и лэжьакIуэ.

Лъэпкъ Iуащагъэ:

Насып зиIэм шыIэ нIэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

u 1926 гъэм къалъхуащ Социалист Лъжьыгъэм и Лыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат.**

u КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Шыбзыхуэ Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 79-рэ ирокъу.

u Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и ректор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий** и ныбжьыр илъэ 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэзых мащIэ къыщепхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым 6 - 8 щыхъунущ.

ЩкIуэгъуэм и 11, тхъэмахуэ

u 1905 гъэм Севастополь и хьдзэлIхэм, портымрэ тенджыз заводымрэ я дэжьакIуэхэм зыкъалIэтат.

u 1908 гъэм къалъхуащ полковник, Бэракъ Плъыжь ордену 6 эрата Шемякин **(Къардэн) Михаил.**

u Совет Союзым и Лыхъужь, генерал-майор **Къардэн Кубатий** къызэралъхуэр илъэс 95-рэ ирокъу.

u 1920 гъэм къалъхуащ КъБР-м гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Гальперин Григорий.**

u 1937 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Жандэрэий Юрий.**

u Мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми мэкъумэщ хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ я дэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хьэмыкьуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

u 1958 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Iэдэм.**

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэзых мащIэ къыщепхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым 3 - 5 щыхъунущ.

ЩкIуэгъуэм и 12, блыщхьэ

и Урысейм и Сбербанкым и лажьакIуэхэм я махуэщ

и Пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Елене** кьыщалъхуа махуэщ.

и Иордан къэрал жылагъуэ дэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуэзэр» хьэрыпыбзэкIэ зытха **Баджэ Мухьэмэд-Хьер** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэзых мащIэ къыщепхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщми апхуэдизу щыхъунущ.

Пайдэгъэ мыхъуэхэмкIэ **ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Мариноч.**

● Нобэ Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ

Я къалэнхэр хьэлэлу ягъэзащIэ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэтщIхэ, дэркlэ льапIэ ветераншэ!

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм нобэ къэрал псом и гъусэу я махуэр егъэпытапIэ. КьыззэрыгуэкIыу щытакьым ильэсыр. Адрей хабзэхьуэ Iэнатlэхэм ящыгъуу республикэм щыпсэухэм я щынагъэншагъэр кьиззэгъэпэщыным, абыхэм я хуитынигъэхэмэ я сэбэп зыхэлъхэмэ хьумэным теуХуа гугъуехьхэр зэрIэтхэм хуеят ехьуэ.

Ди жагъуэ зэрэхьущи, хэщIыныгъэхэри дIIэщ. Я тхьэрыIуэм хуэпэжу, я къалэныр нэсу ягъэзащIэу хэкIуэдащ полицэм и лэжьакIуэ 11. Абыхэм я фэепль нэхур дэ сыт щигъуи ди гум илъынущ.

Хэхауэ фIыщIэ яхуэощ ди лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэр гъэсэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я ветеранхэм.

КЬБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм республикэм и щIыналъэм хуIуикьу-зауэ кьалэнхэр хьэлэлу щезыхьжI псомкI фIыщIэ яхуэощI ядэтгъатэу лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, я Iэщlагъэм зэрыхуэIэнжьым папщIэ.

Си фIэщ мэхьу полицэм и лэжьакIуэхэм, жылагъуэр я щIэгъэкьуэну, адэкIи законымрэ хабзэмрэ зэрахьумэнур, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я гъащIэр ильэс кьэхэри зэпэзэрыт, щынагъэншэ зэрыхьхьуур.

Нобэрей ди махуэщхуэмкlэ сынывохьхьэху, пщIэ зыхуэтщI ныбжьыгъухэ! Ар сыт и льэныкьуэкIи угъурлы тхурехьу!

ВАСИЛЬЕВ Сергей,
Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КЬБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор.

Гулъытэ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэм и махуэшхуэм ирихьлIэу, Урысей Федерацэм и МВД-м и Управленэу Налшык кьалэ щыIэм и унафэщIхэм ирагъэблэгъащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхьумэхэм я Iыхьлыхэр.

- Иджырей щытыкIэ, зэман гугъуи, ди гъащIэр нэхъапэщ жамыIэу шынагъэншагъэмрэ жылагъуэ хабзэмрэ кьызэгъэпэщыным зи кьарур езыхьлIэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм зэрыгушхуэн куэд кьагъэлъагъуэу, хьэлэлу я кьалэныр ирахьжI. Ипэжьыпlэкlэ ди кьалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр хьумэнырыц. Ди лъахэм мамырыгъэрэ зэпIэзэрытыныгъэрэ щыIэн папщIэ ди кьарурэ зэфIэкIрэ деблэжьакIыным. Лыгъэрэ хахуагъэрэ кьагъэлъагъуэу, я кьалэн ягъэзащIэу хэкIуэда ди лэжьагъуэхэр, ди ныбжьыгъуэхэр зэи тщыгъупщэнукьым, - жиринаущ кьыззэхуэсахэм Нэрэрэн Вячеслав.

Хэкlуэдахэм я Iыхьлыхэм псалъэ гуапэхэмкlэ зыхуагъэзащI Управленэм и тхьэмадзэм и кьуэдзэ, полицэм и унафэщI Гегреев Марат, УМВД-м и унафэщIым ветеранхэм ядэлэжьэныкIэ и дэIэпыкьуэгъу Демьяненкэ Эдуард сымэ.

Зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхьумэхэм я Iыхьлыхэм удз гъэгъахэр Iэщlалъхьащ, мылькукIэ зыщIагъэкьуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Зэи тщыгъупщэнукьым

КЬБР-м щыIэ МВД-м, адрей хабзэхьумэ Iэнатlэхэм ящыгъуу, я кьарур ирехьлIэ щIыналъэм террор щынагъуэр щыгъэмэщIэным, республикэм щыпсэухэм я щынагъуэншагъэр кьыззгъэпэщыным.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр, абы и кьэкIуэнур яхьумэу 2012 гъэм щыIэм хуэдизкъэ сыт щыгъуи я гум илъынущ зи гъащIэр щыхьэзыхь зыхуащIахэм. Аэр: полицэм и прапорщик нэхьыжь Щхьэгъэпсо Хьэсэн Маркс и кьуэр, полицэм и лейтенант Мамыщ Хьусен Руслан и кьуэр, полицэм и лейтенант нэхьыжь КIуащ Аслъэнбэч Аскэрбий и кьуэр, полицэм и лейтенант нэхьыжь Хьэжы Рустам Кьэралбий и кьуэр, полицэм и лейтенант нэхьыщIэ Лъыкьуэщауэ Замир Илъясыр и кьуэр, полицэм и лейтенант Безыр Аэмэт Кьазбэч и кьуэр, полицэм и лейтенант Мэщыкьуэ Борис Михаил и кьуэр, полицэм и капитан Сэхьу Аслъэн Петр и кьуэр, полицэм и лейтенант нэхьыжь Накуэ Мурат Олег и кьуэр, полицэм и лейтенант Бэрэздж Артур Мухьэмэд и кьуэр, полицэм и лейтенант Шэшэн Мухьэмэд Арсен и кьуэр.

Абыхэм я лыгъэр Хэкум кьулыкьу хуэщIэным и щапхьэу щIэблэм кьахуэнэнущ.

Урысейм щынэхъыфI



НОВОСИБИРСК кьалэм щекIуэкIащ къэралым и щIыналъэ зэнаIуфэ я хабзэхьумэ 90 зыхэта урысейпсо зэпеуэ. Абы текIуэныгъэ кьыщихьащ Урысей Федерацэм и МВД-м и «Бахьсэн» кьудамэм балигъ мыхьуа-хэм ядэлэжьэныкIэ и инспектор нэхъыжь, полицэм и капитан Тезадэ Мариннэ. Урысейм щынэхъыфIу кьалъыта ди лъахэгъум екъуэхьуащ иджыблагъэ республикэм щыхьэщIа, Урысей Федерацэм и МВД-м жылагъэ хабзэр кьызэгъэпэщыныкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI, полицэм и генерал-лейтенант Демидов Юрийрэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КЬБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергейрэ.

Я махуэшхуэм ирихьлIэу къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КЬБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей кьыIэрыхьащ я лэжьэгъуэхэм, республикэм щыпсэухэм кьабгъэдэкI хьуэхьуэр

ЖАРИКОВ Олег, *КЬБР-м и прокурор, юстицэм 2-нэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу*

КЬЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэ гупым кьабгъэдэкIыу, си щхьэкIэ Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КЬБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм я махуэшхуэмкlэ - Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэмкlэ - гукIи псэкIи сынывохьхьэху!

Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэм закономрэ хабзэмрэ гъэбыдэным, цIыхум и хуитынигъэмрэ и сэбэп зыхэлъхэмрэ хьумэным кьыпхуэмыльытэн хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI.

КЬБР-м щыIэ МВД-м кьалэныр щезыхьэкIхэм, милицэм и зэманым кьыщыщIэдзауэ, жылагъуэмрэ къэралымрэ я сэбэп зыхэлъхэм я хьумакIуэхэм и япэ сатырым щыщу кьэбгъэкI, сыт щыгъуи я Iуэху зехьэкIэмкlэ пщIэрэ щIыхьэ кьалэжьащ.

Республикэм и лъэпкъыбэ цIыхухэм гуапэу я гум ильэ блэкIа ильэс гугъуэхэм мамырыгъэм зи гъащIэр щIэзыта лIыхьхэр. Абыхэм я лIыгъэм, я Iэщlагъэм зэрахуэIэнжьым хуэфащэ гульытэ хуащIащ кьэралымрэ республикэмрэ я унафэщIхэм.

Дыщогуфъ жылагъуэм и зыужьныныгъэ лъэхэнэ гугъуэм полицэм и лэжьакIуэхэм кьадекIуэкI пщIэ зиIэ хабзэфIхэр яхьумэну икIи ягъэбгъэуну.

Уэрэ, узиунафэщI псомкI мамырыгъэ, узыншагъэ, гуапагъэрэ зэIуэпэщ псэукIэрэ фиIэмэ, фи кьалэнымкlэ екьулIынгъэхэр щIызыIэрывгъэхьэмэ си гуапэщ.

ФЕДОРОВ Василий, *Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КЬБР-м щыIэм и УнафэщI:*

ДЭТХЭНЭ зы цIыхурэ щынагъэншагъэ псэуныр ельытащ хабзэхьумэхэм я кьалэнныр хьэлэлу зэрыгъэфIакьым. Апхуэдэ фIэщхьуныгъэр и лъабжь нэхъыщхьэщ граждан гупсысэм зегъэужьныным, хэкум щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэр кьэралым зэрихьэныгъэмрэ зыужьныныгъэмрэ зэIуэпэщ псэукIэмрэ зэрытелъэкьынум.

КьадекIуэкI хабзэфIхэм пащэу, КЬБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэр махуэ кьэс пэщIэтщ щIэпхьаджагъэм, я гъащIэмкlэ щынагъэ зэрыпылъым имыгъэдзыхэу, демократие кьэралым и льапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр - цIыхумрэ жылагъуэмрэ я щынагъэншагъэр, республикэм и мамырыгъэмрэ зэIуэпэщIагъэмрэ - яхьумэ.

Нэхьапэми хуэдэу, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм адэкIи зэщIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым законностымрэ хабзэмрэ кьыщыдзэгъэпэщыным зэрытелэжьынур ди фIэщ мэхьу.

Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КЬБР-м щыIэм и унафэщIхэмрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэм кьулыкьу щызыщIэхэм, ветеранхэм я махуэшхуэмкlэ йохьэхьу. Узынщагъэ, насыпэ, зэIуэпэщIагъэрэ екьулIынгъэрэ фIеIэну ди гуапэщ.

ВЭРОКЪУЭ Владимир, *КЬБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ СМИ-кlэ и комитетым и унафэщI:*

Зи кьалэн гугъуэхэр махуэ кьэс езыхьэкI, лIыгъэ зыхэлъ цIыху нэсхэм фи махуэшхуэмкlэ сынывохьхьэху. Фи уафэр кьащхьуэу щытыну, насыпрэ узынщагъэрэ фIеIэну си гуапэщ. Тхьэшхуэм фыкьихьуэщ.

● Нобэ ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

И лъабжьэр жыжьэ къыщожьэ

Ильэс кьэс щIалэгъуалэм я махуэшхуэхэр дуней псом Iэтауэ щагъэлапIэ. Щэкlуэгъуэм и 10-р ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэу ягъэуваш демократием и телъхьэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо ешерашэ кьызэрагъэпэщащ ипкь иткIэ. Ар кьыщыхьуар 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 29 - щэкlуэгъуэм и 10 махуэхэм Лондон щекIуэкIа конференцыр.

ТХЫДЭМ кьыхэна а конференцыр кьызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхьуар Етlуанэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм фашизмым ебэнын папщIэ зохаша ЩIалэгъуалэм я дунейпсо советыр. Абы щыгъуэ ятIонэрэ пIэ дыдэу зэхуэсат дунейпсо щIалэгъуалэ зэщIэхьеенныгъэм и лIыкIуэкIэр. Абы политикэ гупсысэкIэ зэмылIэужьыкIуэ зиIэ, дин зэмыщIэхэр зезыхьэ, лъэпкъ 63-м кьахэда щIалэ, ныджвбз мелуан 30-м щIигъу кьызэщIиубыдэрт.

Демократием и телъхьэ щIалэгъуалэм я дунейпсо федерацэм и кьарур зыхуэунэтIар мамырыгъэм, щIалэгъуалэм я хуитынигъэм, лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм щIэбэныкьрыщ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьахэкIа ныбжьыщIэхэр зэкьуэгъэувэныщ.

Абыхэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэр щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я фестивалырщ. Апхуэдэ зэхьыхьэшхуэр япэу кьыщызэрагъэпэщащ 1947 гъэрщ. Цыхьу мин 17 хэту ар Прагэ щекIуэкIат. Урысейр тIэу бысым хуэхьущ я фестивальм, 6-нэ дунейпсо фестивалыр 1957 гъэм Москва щыщекIуэкIым кьэралэ 131-м кьыкIа щIалэгъуалэ мин 34-р зэхуишэсат. Иужькlэ 1985 гъэм и гъэмахуэм щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ етIуанэу кьеблэгъащ ди кьэралым и щыхьэрым. Зэхьыхьэм и хьыхуеджэныгъэт: «Мамырыгъэмрэ ныбжьыгъугъэмрэ дрительхьэщ!

КЪЭБАРТ Мирэ.

● ЗэIущIэхэр

Интернетыр зэран мыхъун папщIэ

Махуэку кIуам КЬБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм «стIол хъурей» иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Интернетыр зэран яхуэмыхьун папщIэ щIапхьэхэм.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ палатэм хэтхэм жаIащ иужьрей илъэсхэм ди гъащIэм кьыхьыхьа Интернетым сэбэпынагъ куэд кьызэрытхухьар, апхуэдэ дыдэуи зэранагъэ гуэрхэр кьызэриIэр. Кьэпсэльа щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ кьызэрыкагъэщамкIэ, нэхъыбэу зыгъэпIейтейр балигъ ныбжьым нэмыса цIыкIухэр сайт мыхьумыщIхэм зэрихьэфырщ, я ныбжьым кьемызэгъ хьыбар куэдым зэрызыщагъэгъуэзэфырщ.

А Iуэхум и хэкIыпIэу парламентарий ныбжьыщIэхэм кьагъэльагъуэ гъэпытэн зэрыгъэнэн ушыхьатыр куэт школхэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм щызэтеублэн зэрыхьерир, школ нэужьым сабийхэр Интернетым бгъэдэсу унэм щIэмысым щхьэкIэ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ? Iуэхущlапlэхэм зэрыгъэкIуапхьэр, нэгъуэщIхэри.

Интернетыр сыт хуэдизу цIыхум сэбэп хуэхьуми, абы зы театри, зы тхылъи зэпырхуэзэримыхьуэкIыр фIыуэ кьаззэригурыIэрэ жаIащ щIалэгъуалэм. ЗэпыщIэм кьрагъэблэгъа психолог Молэ Тимур зэрыжиIамкIэ, Интернетым куэдрэ бгъэдэс сабийр арышхуэ мыпсэуф мэхьу. Икlи ар уэмафэу кьыпхьрохьэ. Ар кьэмахьуи папщIэ адэ-анэхэр школым кьикIыжа ныбжьыщIэм кIэлъыплъын хуейщ. Икlи зэманыр здынэсар кьыфIэмыIуэху, гукьыдэж имыIэу, щхэну хуэмейуэ, мыжеифу, кьэгубжьыгъуэфIэу сабийр хуъамэ, ар балигъхэм гульытэншэу кьагъанэ зыпкъукьым, дохутыр е психолог кьрапльын, кьрагъэпсэльэн хуейщ.

ЗэпыщIэм и кIэухьэ, ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм жаIа псори кьызэщIакIуэжри, чэнджэщэр зэхагъэуващ, зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм хуагъэхьыну.

ШЫПШ Даянэ.

● Зэпеуэхэр

Ныбжьыщlэхэр ягъэпажэ

Нарткъалэ идкьыблагъэ щагъэтъэпIащ Аруан районым и IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэм я нэхъыфIхэр.

КЬБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, Iуэхугъуэ куэд кьызэщIэзыпхьыдэр Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалэ центрыр и дIэпIыкьуэгъуэ иригъэкIуэкI «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дышэ фонд» зэпеуэм и район Iыхьэу арат «Iэщlагъэм щынэхъыфI» зыфIаща зэхьэзэхуэр. Республикэ зэпеуэм и кIэух Iыхьэр 2012 гъэм и дыгъэгъазэм Налшык щекIуэкIыныгъ.

Нарткъалэ дэт «Планета» кинотеатрым къекIуэлIащ куэрэм щыщIалэхэр щIалэгъуалэмрэ зэIущIэхэмрэ. Абыхэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ КЬБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэжьрокъуэ Султьтан**, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **АкIэжь Мурат**, щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэщIым и кьуэдзэ **Кьаразэщ Мухьэмэд**, щэнхабзэмкlэ кьудамэм и Iэтащхьэ **Шыгъуэ Хьэутий** сымэ.

Гуфэгъуэ щIыкIэм ито екIуэкIа зэпеуэм унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкlэ пашэ щыхьэщ Псыкуэд курыт школым информатикэмкlэ и егъэджакIуэ Сосмакъ Марьянэ («Егъэджэныгъэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ нэхъыфI»), «Узынщагъэр хьумэн Iэнатlэм и дохутыр нэхъыфI» хъуар Аруан район сымаджэшым и терапевт Хьэщlэлэ Фатlимэщ, «Нарт щыр» сабий кьэфакIуэ ансамблым и балетмейстер Тау Маринэ «Щэнхабзэмкlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ нэхъыфIщIэр фащащ. Апхуэдэу, зыпэрыт Iэнатlэ ельытауэ, згъэпэжащ балигъыпIэ имыувахэм я Iуэхухэмкlэ инспектор нэхъыжь Алексеевэ Иринэ, мафIэсгъэнкIыфI Iуэхущlапlэм щыплажьэ Тхьэзэнэ Арсен, Нарткъалэ дэт 3-нэ курыт школым и егъэджакIуэ Ащын Пэхьир, хьэрычэтыщIэ Тэхъу Иринэ сымэ.

Пшыхьэр згъэдхащ КЬБР-м и артист, уэрэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм, утыкуэр игъэбжьыфIащ «Нарт шыр» сабий кьэфакIуэ ансамблым.

НЭЩIЭПЫДЖ Замирэ.

● ФIыщIэ

Сурэтым *(сэмэгумкIэ кьыщыщIэдзауэ)* Бахьуэ Жаннэрэ Кадыровэ Зухьарэ сымаджэм и Iуэху зэрахуэ.

Iэпэ щабэ

Узыфl щыIэкъым, ауэ дзэ узыр зэрышъчыгъуейр жаIэ ар зыгъэунэхуахэм. Апхуэдэу си дзэм узын кьыщIидзат жэщыкум. Дэнэ сыкIуэнт? Нэху щыным сежьэу, хущхьуэ гуэрхэми сефуэ зыхуэзгъэщIауэ. Пщэпльыр кьыщыхьэхIащIтхьым, автобус кьэувыIэпIэм сытетт, дзэм еIэзэ дохутырым деж нэхъ псынщIэIуэу сызэрыпэсыныр си гуращэу. Апхуэдэу пщэдджыжьым жьыуэ сэ сыкьыщыхутащ дзэм щеIэзэ поликлиникэу Налшык Кулиевым и цIэр зезыхьэ узрамым тетым.

ДОХУТЫР гуэрым деж зезгъэтхыну чэзум сыхэтт икIи сыгупсысэрт: «Дэтхэнэ IэщlагъэлIраду пIэрэ сызыпIэщIэхуэнур? Мывы яхэсцIыхуэ щыIэхъым...» Абдежым ди гуэнэгъу бзыльхугъэ Кадыровэ Зухьра кьызбгъэдыкъащ. Сэлам нэужьым дызэщIэупщIащ. Стель бэлыхьыр щыхуэсIуэатем, дзэ узыр япэ щIыкIэ рентген зэрыщIипхьэр кьызжиIащ икIи, рентгенологыр езырати, и пэшым сыщIишащ, дзэм суроэт триюри ар сыгтаву сишащ дохутыр Бахьуэ Жаннэ деж.

«Зи псэр зэIуэха цIыхум и нэгуи зэIухащ», - жеIэ псальэжьым. Зи щIалэгъуэ бзыльхугъэ лъагъуэгъуафэр гуапэу кьытIущIащ. Сыигъ сурэтым епльа нэужь, жиIащ абы и щытыкIэр зэрымыщIагъуащэр, ауэ, хьухэжэм, ар Iуимычу зэрихьэрэр. Абы и ужьыр дохутырыр си дзэм елэжьу хуежьащ, хуэм дыдэрэ, симыгъэгъэвэзу, зэман-зэманкIэрэ зэпигъэуурэ. Абы кьыдэкIуэри дзэм емыкьэлIа хьыбар гуэрхэр жиIэрт, си гупсысэр узым тригъэкIын щхьэкIэ. Апхуэдэурэ сызэдэщысым, си узри сщхьэщыкIа кьысфIэщырт, а дохутырыр апхуэдизу зэпэ щабэт икIи щыхуэ гуапэрт.

А махуэм дзэм ирищIэнур зэфIэкIри, иджыри кьызэрытезгъэзапхъэр кьызжиIэри Бахьуэм сыкьыщIигъэкIыжащ. КьыкьэлыыкIэ махуэми поликлиникэм сыкIуащ икIи си дзэр дохутырым Iэкlуэльакlуэу, гумызагъэу схуидыжри, си Iуэху яужь сихьэжащ.

Куэд елытащ дохутырым, абы бгъэдэлъ щэныгъэм, Iэзэгъым, Iэкlуэльакlуагъым. Апхуэдэ лэжьакIуэ Iэзэщ, псэ кьабгъэ зиIэ щIыхуэ дзэм еIэзэ дохутыр Бахьуэ Жаннэ. А дохутырым псалъэ гуапэ хужаIэу зэхэсхащ нэгъуэщI сымаджэхэмэ.

Бахьуэ Жаннэ фIыщIэ ин хуэдизу апхуэдэу зыхьхьэлу и Iэнатlэм зэрыпэрыгъэм щхьэкIэ. Хьэрэхьуу кьыхужаIэр Тхэм кьыльыгъэс. Насыпрэ гуфIэгъуэрэ, узыншагъэрэ дзрэжэгъуэрэ иIэу и Iэщlагъэм куэдрэ ирилэжьну ди Гуапэм.

УЭСМЭН Хьисэ,
УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт. Налшык кьалэ.

● Шэрэдж куей

Унэщlэхэм ягъэIэпхъуэнущ

Бабугент кьуажэм щыщу унагъуэ 16 Ильэсыщlэм ирихьлIэу унэщlэхэм ягъэIэпхъуэнущ. Ахэр кьыщIагъэIэпхьукI къуэнкIэ шынагъуэ унэжьхэм.

КЪАТИ 3-у зэтет псэупIэр яхуэу унэ кьаахэхэм щыпсэуэ-хэр кьыщIэгъэкIыным теухуауэ кьащта кьэрал программэм ипкь иткIэ. Абы текIуэдэну мылькум и процент 80-р федеральнэ, 20-р республикэ бюджетым кьыхокI.

Бабугент кьуажэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэм щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, унэм и лъабжьэр мы гъэм и накьыгъэ маэмэ ярэгъэтIылащ икIи абы и унащхьэр тральхьэну нобэкIэ хунэсащ. Куей администрацэм и Iэтащхьэ Османов Мыхьутар зэрыжиIамкIэ, кьэралым и дзэпсыкъуныгъэр зыльыса дэтхэнэ зы унагъуэми Iэмал ягъуэтынущ унэ тхьэльэIури Ильэсыщlэри зэтъуэу ягъэльэпIэну.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр «КОНФИАНЦ» ООО-м кьрехьлIэ. 2013 гъэм Шэрэдж куейм фэтэр 14-у зэхэт етIуанэ унэ зэтетыр кьыщрагъэжьынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Къэпщытэныгъэхэр

«Президентым драгъэкIуэкI псалъэмакъ зэIуха»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ къэралпсо зэпеуэм кьрикIуахэр идкьыблагъэ кьапщытэжащ Урысейпсо педагогикэ зэхуэсым и лIыкIуэхэм. Зэпеуэр хуэунэтIауэ щытащ егъэджэныгъэ Iэнатlэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ кьыхалъхьэ жэрдэмэхэр гъащIэм хэпщыным щыпсэуфынымкIэ щIэныгъэ ящыщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щIыналъэ 47-м щыщу цIыху минрэ ныкъуэрэ хэтащ зэхьэзэхуэм. Абыхэм яхэтащ ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлlэкри. Iуащхьэмахуэ куейм хьихьэ Былым кьуажэм дэт курыт школым и унафэщI Атакуевэ Нуржан щытекIуащ «Президентым драгъэкIуэкI псалъэмакъ зэIуха» къэралпсо зэпеуэм. Абы игъэльэгъуа «Къужэ школым и лэжьакIэфI мардэхэр. Дэтхэнэ лъэпощхьэпомэ хэзыIэпIэ нIэщ» проектыр нэхьыфIу кьальытащ зэхьэзэхуэм и кьэпщытакIуэ гупым. Ар тещIыхьащ иджырей щIэблэм кьуажэм щигъуэт гъэсэныгъэмрэ щэныгъэмрэ. ЕгъэджакIуэм кьыхилхьэ жэрдэмыщIэхэм ящыщу школ лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхъуэн, апхуэдэуи егъэджэныгъэм и фIагъыр, сабий машIэ фIэкIа зэмылауIэу кьуажэхэм дэт школхэм кьапэщыт кьалэнхэр лъэпощхьэпоуэнущэу зэфIахын папщIэ Iэмалхэр кьэлъыхуэн зэрыхуейр, абы щыгъуэми мыхьэнэщхуэ зиIэ я Iуэхугъуэхэр егъэджэныгъэмкIэ кьэрал стандартыщIэм изагъэу.

Апхуэдэ екьулIынгъэ лъагэм кьыдэкIуэу, Нуржан иджырэ пашэ щыхьэщ егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм яку щекIуэкIа «Нобэ нэхърэ пщэдей нэхьыфI хуэщIу» зэпеуэм. Абы и утыку Атакуевэм кьрихьа «Кьэкlуэнум и школым и лъабжьэр нобэ ягъэтIылъ» проектым кьыщыгъэльэгъуащ икIи щызэпкърыхащ Ахматов Ахьмэт и цIэр зэрихьэу Былым кьуажэм дэт курыт школым и лэжьакIэмрэ абы и Iэщlагъэлlэкм я екьулIынгъэхэмрэ. Школ унафэщIым кьызэрилытэмкIэ, дэтхэнэ текIуэныгъэми и лъабжьэ быдэр гуп зэкьуэтым кьыбгъэдэкI варэ лъэщырщ, акьыл инырщ. «Иужьрей ильэсхэм школым и мыхьэнэмрэ и щIэмрэ нэхъ льагэ щыхьуащ жылагъуэм. Социальнэ институту кьалытэ а Iэнатlэр зыужьныныгъэм и гъуэгу захуэм тезыщIэфынур зыщ: еджакIуэхэм я акьылым, гупсысэм, дуней еплъыкIэм нэхьыфIу заужьынымрэ, зыхуэныкьуэ Iэмал псори кьызэгъэпэщын», - кьыхигъэщащ Атакуевэ Нуржан.

ТАРИМ Алисэ.
Iуащхьэмахуэ куей.

● Фэеплъ

Ди гум ихунукъым

Дыгулыбгъуей кьуажэр зыгъэдахэ, кьратищу зэтет курыт школыр нэщхьейт а пщэдджыжьым, пшэ фIыщIэ хьэлъэ кьытрихуа нэхьей. Пагьэна уэздыгъэхэм ямыгъэнэху хуэдэу кIыфIу кьыттщыхьурт абы и кIуэцIыр, Iэуэльауэншэт, сабиищэхэр щеджэу умыщIэну. Щэкlуэгъуэм и 2-м щыщым кьыщIэIуа хьыбар гуаузм псори дигъэнэщхьеят: гъащIэм гу щимыхуэу дунейм ехьжащ цIыху жэмарт. ЕгъэджакIуэ Iэзэ, унафэщI щыпкъ, щхьэгъуэсфI, адэ, адэшхуэ, тхьэмадэ гумащIэ икIи ныбжьэгъу пэж Аджий Хьэсэн Хьэбас и ныкъуэ.

И КЪАРУИ и зэмани емыблэжу щIэблэм гъэсэныгъэ екIуэр щIэныгъэ куурэ етыным хуIэкIыжьа егъэджакIуэ нэсу щытащ Аджийр. Ильэс 30-м нэблагъэкIэ ар и унафэщIащ Дыгулыбгъуей дэт курыт школ №8-м. И гъащIэм и зэхуэдитIыр Хьэсэн щигъэкIуащ а еджапIэм. Школым и япэ мывэр щагъэтIылъам кьыщыщIэдзауэ ухуэныгъэр ящыхьу, и нэIэм щIэту ар иригъэщIащ. И гумызагъагъэм кьыхэжIыу кьэхъурт ешри ухуаджэуэм яхэту щыIащхьэ, и нэм зэригъэпэщIыжу.

УдимыихьэхынкIэ Iэмал иIэтэжьым унафэщI гъуэзэджэм хэль жыджэрагъэм. Ар ди щапхъэу, сабийри балигъри дыригъэгушхуэрт еджэнми лэжьыгъэми. Кьэхъурт зэкьым ар зэщIэжьауэ, зэпIэзэрытту щыщымыт. Апхуэдэу Хьэсэн пщIэдджыжь кьэс еджапIэ бжэIупэм ущрихьэлIэрт икIи и пэшым щыхьэртэкьым, урокхэм щIадзэу егъэджакIуэхэри еджакIуэ щыIэ и пэ имызэгъэуэ.

«Псом япэрауэ, сабийм и узынщагъэр тхьумэн хуейуэ ди къэралым, - щIэх-щIэхыпхуэ кьыджинIэрт Хьэсэн. - Абы кьыкIэльокIуэ щIэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэ етыным хуэныгъэ куум и гъуэгум тешэнымрэ». А псалъэхэр ди гъуэгугъэлъагъуэу, лэжьыгъэр езыгъэфIакIуэ гуп узынщIу дызэкьуигъэувэрт Аджийм.

Гугъу кьэдгъэкIыжьыж фIы куэд кьытхуигъэнащ Хьэсэн. Ар зыгуэркIэ сэбэп зыхуэмыхьуэ, чэнджэщI зыхэлъ щIымыгъэкьуа кьытхэткъым гупым, ар лэжьыгъэу щрет е унагъуэ Iуэху ирехьуи. Псэ кьабзэ эыIут, зи гур зэIуха лэжьакIуэ Iэкlуэльакlуэм дапщэщи уригъэблэгъэнут, и Iуэху елтыкIэкIэ кьыбдэгъэшэнут, пэжым, захуагъэм хууиунэтIынут.

Хьэльэщ ди гуауэр, нэхъ иныжщ ар Хьэсэн кьыщIэна и унагъуэмкIэ, и Iыхьлыхэмкlэ, и благъэхэмкIэ. Дзэм абыхэм дадощIагъуэ. Иригъэщхаэми, кьыздлэжьаэми, кьэзыцIыхуу щытахэми фIыкIэ ягу кьына, унафэщI гумызагъэу, лэжьыгъэм и кьыззэгъэпэщакIуэ Iэкlуэльакlуэу щыта, цIыхуфIу дунейм тета, «ЕгъэджакIуэм и отличник» Аджий Хьэсэн Хьэбас и кьуэм и фаепльыр куэдрэ тхьумэнущ. Абы Iуэху зехьэкIэу иIар ди дежкIэ щапхъэу кьэнащ.

Кlуэкlуэ Валерэ и цIэр зэрихьэу Дыгулыбгъуей кьуажэм дэт курыт школ №8-м и лэжьакIуэхэр, еджакIуэхэр.

●Дзэлыкъуэ куей

Гъуэгу лэжьыгъэхэр кърахьэлIэ

Дзэлыкьуэ куейм и гъуэгухэр зыхуей хуагъаз.

МЫ ЗЭМАНЫМ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ «Малка-Ингуши» Iыхьэм. Апхуэдэу кьагъэщIэрэщIажащ Сэрмакъ, Кьармэхьэлэ, Хьэбэз, Киччалкэ кьуажэ кIуэцI гъуэгухэр. Зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжжэ кьадэкIуэу, щIэуэ асфальт зытралъхьа Iыхьэхэри щIэщ. А Iуэхугъэ кьрахьэлIащ зэхьэзэхуэ марэдэ кьыхуэхьа «Агрострой», «Стройресурс», «Бахьсэн ДРСУ» гъуэгууху организацэхэм.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу Сэрмакърэ Кьармэхьэблэрэ яку лъэмыжьыщIэ тралъхьащ. Абы и пэкIэ тельажэр мы гъэм и мэлыжьыхьым кьиуа псым трихат.

Дзэлыкьуэ районым иджыпсту гъуэгу лэжьыгъэхэр кьезыхьэлIэ I

● Дунейпсо литературэм и щапхъэхэр

Лъэхъэнэ псоми я усакІуэ

Гете И. В., Шиллер Ф., Дессинг Г. Э. хуэдэ цІыхушхуэхэм ящІыгъуу зи цІэр къраІуэ нэмыщІ усакІуэ, прозаик, критик икІи публицист Гейне Генрих Дюссельдорф щыщ журт унагъуэм 1797 гъэм къыщалъхуащ. Унагъуэ еджапІэм, франджыбзэкІэ щрагъаджэ лицейм щІэсащ. Ахэр кІуиха нэужь, ныбжьыщІэм и гугъащ коммерцэ Іуэхум хыхьэну. ЛпІэ щІыкІэ Майн Іуфэ Іус Франкфурт, етІуанэрэ Гамбург къалэхэм и зэфІэкІ цеплъыжащ, ауэ зырн къикІакъым.

Иужьк Іэ Бонн, Геттинген, Берлин къалэхэм щеджащ. А зэманым ар дехьэх Гегель и лэжьыгъэхэм, икІи 1825 гъэм Геттинген къегъэзэжри, хабзэмкІэ доктор мэхъу. 1823 гъэм Пруссием журтхэм цІыхум и хунтынытІэ псори къыщытраха нэужь, Гейне а къэралым и бий нэхъ жагъуэ дыдэхэм ящыщ зы мэхъу икІи есым хуэдэ и лъэхъэнэгъу зыкъомым ящІыгъуу лютеранствэр къещтэ.

Диныр зэрихъуэжам сэбэпынагъ гуэри Гейне къыхихьакъым, сыту жьпІэмэ власт зыІэщІэлъэхэр нэхъ зыгъэгубкІыр абы зэрихьэ диныр-тэкъым, атІэ и тхыгъэхэрт.

Гейне нэхъ гулъитэшхэ зыхуищІхэм ящыщт литературэр. Бонн щыщІам, ныбжьыщІэм Шлегель А. В. зригъэщІихурн, и лекцэхэм едэІуащ. Берлин щыкІуам ар зэфІэкІыфІ къэзыгъэлъагъуэ литературу къащІыхуакІэт икІи Рахили фон Энзе и литературэ кружокым хыхьащ. Гейне и ятІэ усэхэр 1817 гъэм къытрыригъэдзащ, «Усыгъэхэр» зыфІища и ятІэ тхылъыр 1821 гъэм къыдэкІащ. 1823 гъэм къытрадзащ «Лирическое интермеццо» усэ гупыр.

Университет нэужьым Гейне и гуГъащ юрист лэжьыгъэм зритыну, ауэ литературэр нэхъ къыхихьажащ.



«Гъэзуанэ суэрт эхэр» зыфІища тхылъиплым я ятІэ Іыхьэм екъуІэнэ гъэщхуэ къыщыхуихьым, усакІуэм зэрыпсэун литературэрэкІэ къыпэжьу щІидзэри, абы зритыпащ. А лъэхъэнэм Гейне куэд къыІэхикІухьащ: щыІащ Инджылызым, Италием. Абыхэм я фІыгъэкІэ игъэхьэзыращ «Гъэзуанэ суэрт эхэм» къапэзыщІа тхылъхэр.

Гейне и усэ куэдым макъамэ щІалъхьащ Ф. Шубертрэ Р. Шуманрэ.

1830 гъэм бадзэуэгъуэм екІуэкІа революцэм и ужькІэ Гейне тогушхуэ Германием иІэпхъуакІыну икІи 1831 гъэм накъыгъэм Париж макІуэ. Франджым абы къыщецІыху нужькІэ щхьэгъуэ хуэхъуа, усэ куэди зыхуитха Кресанс Эжени Мирэ. 1841 гъэм а тІур зэрышащ.

1835 гъэм Пруссием и рейхстагым унафэ къищтащ езыхэм я Іуэху епІъыкІэщІэхэр «Германие ныбжьыщІэм» къыщыхэзыльхьэ зыкъомым я тхыгъэхэр кьытрадзэну хунмыту. Апхуэдэ авторхэм ящыщт Гейне. Берн Л. Париж щызэхуищэса революционер-реформатор гупым яхьиха нэужькІи, Гейне Пруссием и властым езэгъа- кым.

1840 гъэм Гейне газет лэжьыгъэм зретыжри, «Всеобщая газета»-м тредзэ Париж и псэукІэм техуха тхыгъэ куэд. А тхыгъэхэр зэхелъхьэж, «Лютеция» фІещри, тхылъ щхьэхуэу кьыдегъэкІ. Ар усакІуэм и нужьрей журналист гъэкьыгъэт, адэкІэ Гейне и творчествэм увыпІэ нэхъыщхьэр усэхэм щаубыд. Абы и щыхэтщ «Атта Троллъ», «Усэщ Іэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщІхэри зэкІэлъхьэужьу кьызэрыдзкІар.

И унагъуэм кьихъуэу хуежьа псалъэмакъ мыщхьэпэхэм Гейне сымаджэ йохьукІри, 1848 гъэм пІэхэнэ мэхъу. Ауэ узым хуэзэІэкІакъым Генрих тхэныр Іэщ Іыб иригъэщІыну. Узым кьыхигъэзыхьыху, ар нэхъри ерыщ екІуэрт. Абы и щыхэтщ усакІуэр дунейм ехьыжа нэужь, кьыдагъэкІа «Романсеро», «1853 - 1854 гъэхэм я усэхэр» тхыгъэхэр.

Гейне 1856 гъэм мазаем и 17-м Париж и Монмартр кхъэм щыщІальхьащ.

Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ Гейне Генрих и усэхэм хэчыхьауэрэ кьыхэтхуу адыгэбзэм кьидгъэтІэсахэр.

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

* * *

ГукІэ сайдэхащІэрт хъыджэбз ныбжьыщІэхэм,
Епэрхэр, пшынатъэхэр, пщащэ дамэхуэр псэм
и щІасэт.
СфІэІэфІт Іупэ пІырыпІхэр, я псалъэ щІэращІэхэр,
Уэрэд нэщхьейхэм зыІэпашэрт си псэр.

Къэгъэзэжьинщэу бзэхьжаехэщ хъуэпсапІэхэр,
ФІыуэ сльэгъуари хэшыпсыхьащ пщыхьэпІэм.
Гурыщ Іэ щейтеярц кьэнар си гъусэу,
Хуэжьы Іэдаіуэу си псэм нус усэм.

Уэрэд зеиншэ, къыззщІэрыуэж!
Къэлъыхьхьэж щІалэгъуэм и щІыхьэпІэр -
Си усэр нэкьыфІэщІхэм я джэрпэджэжщ,
Ещхьу жьыжьэу ба хуэсщІа Іупэ пІырыпІым.

* * *

Зыслъагъэ щажащ пщыхьэпІэу: си мыхьэлу
Щыгъын щІэрыпскІэ зыскуэпауэ сегугъуу,
Сыкьыхэхутати зыкьнэзыххэм я балым,
Къахэслъэгъуащ яхэту фІыуэ слъагъур.

«Уэ унысащІэ? - соупщІы, хуэсщІу щхьэщэ, -
Тхьэм жиІэ, а къалэным ухуэфащэу».
Си гур хэузыкІмк сыздеупщІы,
Ар зы мэскъалкІи пщащэм къезмыгъащІэу.

Сыпэмыпльэххауэ, пщащэм
И нэ телъыдыжэм нэпсыр къыщІощэщыр.
Нэщхъей дыдэу нрихьэха напІэм
ЩІокІуэдэжри, мэбзэхьыж пщІыхьэпІэр...

Насыпым и вагъуэу
Къыскуэзыд нагъуэ!
Махуэм - нахуанІэу,
ПщІыхьэпІэу - жэщым
Къыскхуэвупс пщІыхэр
Си фІэщ фощІыфыр.

* * *

Слъэгъащ пщІыхьэпІэу щІалэ пакъэ гуэр,
ЗэщІэупсарэ, зэщІихуэныкІауэ,
Къыскуэмыщ Іэу зищІыкъыжу и гугъэр,
КьрнгъэщІыкІыу и бгъэр.

Ар хуэму зблэкІырт, игъэкІауэ щхьэр,
ДыхуэмэкІэ гъэпскІами кьэптал хужьыбзэр,
Си гум жиІэрт псэр зэрыфІыщІабзэр.

Зэ епЛъыгъуэкІэ кьыпфІэщІми дахэкІей,
Мыхьэнэншэт лъагъуГъуейуэ игу нэпсейр.
Тепсэлъыхьыфми дахэу ЛыхьужьыгъэМ,
Къэгъуэтыгъуейт езым хуэдэу кьэрабгъэ.
«Ар хэтми щІэрэ? - пщІыхьэпІэм и Пнбпнсыр
къызоупщІ, -

Хъыджэбз тхьэІухудым и теплъэм
Гухэль мафІэр къызэщІигъаплъэрт.

Ар фІыуэ сльагъурт сынэщхьейуэ, сыгууэщІу
И жэуапхэм къыщакъутэкІэ си гущІэр,
Псэ ешыкъуар, кІэзызу си Іэпэр,
СфІнІэбзу щІиндзащ нэгъуэщІхэм я жьпым.

Хьэл мыгъуэ схуэхъуар щызызхэзмыным,
Властым щІиндзащ сигъэшынэу.
Ирислъэщ Іыжьыну и нэпсыр зэшыгъуэм,
Бэльтокухэрат нэхъыбэу къэздыгъур.

Сыкъаубыдри, къызамыту кІуапІи жапІи,
Лъэхъуэщ кІыфІыр схуащІащ увыпІэпІэ.
Сыкьрагъэхьыну си епІыр зэщІ узым,
Егугъупэу абы къыщІззбІэзэрт.

Хъумакіуэхэм страмыгъэкІми я нэр,
Щызгъынакъым лъэхъэщми хъуэпсэныр.
Лъагъунытъэм игъэпльызу си нэр,
Сыздэщысым, къыскуокІуэри Ринальдэ и ныбжьыр,
Си псэр езым щІыгъуу нрешажьэ».

Зэщ Іодыхьэшхэрн хьэдэ къупщхьэхэм я джэгур,
Къахокі ещанэр, зэщІэщІэлауэ и нэгур:

«ЩІасэІ пажэхэм я ролхэр згъэзащІэу,
КъыскфІащауэ сценэм и пащтхьэ,
ЖысІэрейт «Си дахэІ», си гурыщІэр
ТхьэІухудхэм яхуэсщІу лъэгущІыхь.

Сы-Мортимерт, къыспэхъун щымыІэу,
ГурыщІэ пщтырыр Марие хуэІулэу.
Ауэ пщащэм и гур къыскхуэщІыІэт,
Къыгурымыйуэу си гухэлъыр зэрыхуэблэр.

СыкІнйрт куэдрэ, а зыуэр схуэмышыІэу:
«ТхьэІ пэтъытэу си МарнеІ» - жысІэу.
Си ролым хэмытми апхуэдэу,
Къамэр гущхьэм хэсІужащ куу дыдэу».

Хьэдэ къупщхьэхэр зэщІодыхьэшхэ ауану,
Иджы абыхэм кьахокІуэт епІланэр:

«Профессорым, кьнуваУэ псэлъапІэм,
ЖиІэ делагъэм снгъэжеиуэ, сольагъу пщІыхьэпІэ.
Си дежкІэ мнкІэ нэхъ тхъэжьыгъуэт
КъущыскІухьыну хадэм, абы и пхъур сщІыгъуу.

Кьыхсуудэгуфіыкіырт пщащэр щхьэгъубжэм
Епэр гъэгъауэ, мелыІыч тхьэхуу,
Гудзакъэшиэу кьыпыісча гъэгъар зэрыхуэлэжьым
Сепльырт, зыкІи ар кьыісфІэмыІуэхуу.
Есхащ нэлат къулей щыкІахэм,
ЦІыхубзхэми есхри нэлат,

Фочауэ, мис иджы ублэмыукІ, -
КІанхъур щІызочрн, пщащэр къызоукІ!

УкІкІэ ящІауэ си хьэжумэр,
ЩІхьэпылъапІэм сашэрт хуэму.
Къуаргъыжь гуэрыр щоуфэразэ си щхьэм:
Мэкіий ерыщу: «Пальэнущ и щхьэр!»

Хьэдэ къупщхьэхэр мэдыхьэшх зэрыгъэкІийуэ,
Иджы я пащхьэм кьнуващ езы пшынауэр:

«Куэд щІауэ фІыуэ ялъэгъуащ си уэрэдыр,
Ар Іэджэрн жесІащ си тхьэІухудым.
Ауэ,
Гу жэуапыншэр щыкъутам и деж,
Пшынатъэ натъэри зэпоудыж».

Я дыхьэшх макъым игъэзздыжьдж уэгур,
Хьэдэ къупщхьэхэм щІадзэж аргуэру джэгум.

Жэщыбгым и хъыбарегъащІэу
ЧлнсэМ къыщеуащ сыхьэтыр ину.
Шейтіан джэгум хэтахэу умыщІэу,
Хьэдэ къупщхьэхэр дэгъуэлъхьэжахэщ бэнхэм.

* * *

Бгыхэр, ауэхэр, чэщанэхэр
Къоплъэр Рейн и псы гъуджэм.
Псорн кьыскхуэлыду цІуугъэнэу,
Кхъуафэжьейм сыпыІуешыр ныджэм.

Сопль, дихьэхащи джэгуным,
Дыжьыну мэпсынсыр тотькъуныр.
Псэм щыукъбей гурыщІэр
КъыщІосыкІыжыр псы лъащІэм.

Унгъэгушхуэу, узыІэпнщэу
Зэрыкъабзэ мы псыр, зэрынэху!
Псы лъащІэ кІыфІ пхьпЛтъыпІэншэм
Ажал къызджьэм зыщгеГъопсэху.

И уафэр нур нэІурыту,
КІыфІ зэфэззщу и лъащІэр,
Псым кьыхощ абы и сурэтыр:
И нэр къащхъуэрэ, гуапэу, дахащэу,
Хуэзгъэдэн дуненшхуэм темыту!

* * *

Епэрхэмкі Э, шыкІуртІымщэху кьудамэкІэ
ГъэщІэрэщІа тхьытъыльэ хуэсщІынут си тхыгъым.
ФІыуэ слъагъум и зыхуэпэкІэу
ЗгъэдаХэнт и бэныр си пшынатъэм.

Дапщэщ щыщІэслъхьэжьнур лъагъуныгъэр?
Пейтеннщагъэм и епэр къэгъагъэр
Псэухэм я удзу щыкІынщ абы и кхъащхьэм.
Сэ мащэ лъащІэ псыЕращ си Іыхьэр.

Мыбы щожэщІ уэрэдхэм я пшынатъэр,
ЩокІуэщІыр Этнэ и вулкан къэкъуалъэу.
Къриншырт гум щІзщыгъуэу а уэрэдыр,
Пасыш хъуаскІэхэр кьыскнпхъэу зэщІэлыдэу.

Ахэр щыужьыхащ мыбдежьм псэншэу, фагъуэу,
Диижауэ, щІихьчмауэ пшагъуэм.
Къэблэжьынущ аргуэру я лыгъэр,
Хидзэжмэ и хъуаскІэр Лъагъуныгъэм.

Щыукъубеижьинщ гухэлъыр бгъэм,
Кънгъэззжьынщи зэгуэр лъагъуныгъэм!
Дэ тпэжьыжьэ дыгъэм и щІагъ щІэт щІынатъэм
Нэсынщи, уэрн кьэпльагъунщ си тхылъыр.

КъиІукІыжьинщ уэрэдыр гум и хьэпсым,
Псалъэ дияхэм хидзэжу мафІэ гуащІэр,
Зыхищ Іэнщи а пшынатъэр ун псэм,
Къыбгурыіуэнщ си узыр, лъагъуныгъэр, гъащІэр.

Сурэтхэм: **Гейне къыщалъхуа Дюссельдорф къалэм и теплъэрщ.**

ГЕЙНЕ Генрих

ЩІалэгъуэм и гухэщІхэр

Ун натІэм итъыр нэрылъагъу зыщыщІ!
Пхутесхащи ун къэкІуэнум тель тепхъуэр,
Епльи, егупсысыж кьыззрыпщІыхьумІ»

Нэчыхь тхыпІэу зи нэхур гъунэгъуэм
ЩІалэ пакъэм бгъэдишащ сэ фІыуэ слъагъур,
«Дыарэзыщі» - щыжалэм тІуми зы жьэу -
ШентІан гуфІахэр зэрызохьэ хьжьжэражьэу.

* * *

А лъагъуныгъэм зыпыІуэдзырт, ещхьу делэм
Сыхэтъадэу жэщ уэлбанэрилэм.
СыпІащІэрт сыблэкІыну кхъэ Іуащхьэжьу
Нур лыдхэр кьыскхуэзыгъаблэм жьыжьэу.

Мазэ зэщІэдиям и бзий псэншэхэр
Тоджэгухь пшынауэм и кхъащхьэ даущыншэм:
«ТІэкІу зыІэжьэт, къуэш», - мазэ бзийм сыкъгъэуфІэ,
Пшагъуэ тхъуари кьотэджькІыр мащэжь щІыІэм.

КъызоцІыхужьыр щыкІэпшынауэр:
КьнкІыжрн мащэм, кхъащхьэм кьытетІысхьауэ,
Іэпэ гъущІахэр щыкІэпшынэ натъэм
Дилъэурэ, дэгуу егъэІур пшынатъэр:

«ЩыкІэпшынэ, илъэс блэкІахэм я уэрэдыр
Кьыхэдзи, гъэтынышьк снгу зэгуэудыр.
БампІэр итъми абы кьыззщІэплъэу,
Среджэр мелыІычым уафэ пшэплъым,
ШейтІанми бэлыхькІэ сызэщІибгъэу -
А псоми зэреджжьыр лъагъуныгъэщ».

Макъамэм и пшынатъэр зэрыужьыхьыу,
Мащхэм я кхъащхьэр зэтрахыр,
Хьэдэ къупщхьэхэр кьокІыжри, зэрызехьэу
Хьэдрыхэ уджкІэ пшынауэр кьафыхьыр:

«Ей, лъагъуныгъэ, ун удыгъэм
Дрихьэхауэ щІым и щІагъем,
ДыщІэлъами куэдрэ даущыншэу,
Дыкъегъэушыжьр ун тхъэгъушыМ!»

Нэджэдуджэ гупым зэрызехьэу
Пшынауэр кьафыхь, кьалъэтыхьыр,
Гыз макъыр дыхьэшх делэм хошыпсыхьыр.
ШыкІэпшынауэ кьуэдыжьбжьам и пшынатъэр
Нэхъри ерыщу зэролъэтъыр:

«ЛыгъэФхэтъщ, фыкъафэ, феуэ Іэгум!
ГъуэрыгъуэхХэу сыщІэвгъэплъ фи лъэгум!
Фыкъегъэтэджыж си макъ телъыджэм,
Сэри даущыншэу махуэ Іэджэ,
Гъуэм кьипщыну темыгушхуэ дзыгъуэу,
Мащэ кІыфІым сисащ зызудыгъуу.
Феуэт, щІэфІэтэжи дзрэжэгъуэр.
Уэрэд кьыхэвдзэт, дэ тхъэкІумэ лей
Тхэту слъагъукъым, ахэм дахуэмей!
Хедгъэсхьэжри зэманым ди щІалэгъуэр,
Делагъэ Іэджи тІэщІэкІахэщ ди жьы хъугъуэм,

Гурыщ Іэ гуащІэм гу зэщІэплъар илыпщІырт.
Иджы къреІуэтэж дэтхэнэ зыми
Сыт хуэдэ гуауэ и щхьэм кьыпЛысами,
Зыхуэпабгъэу пІа хъуэпсапІэр,
Зыхэтъа шыгъушыпсыпІэр,
КъэжІуа зэрыхъуари мы щІыпІэм».

Шынагъуэу макъыр игъэгъуагъуэу,
Зы хьэдэ къупщхьэ кьыхотэджькІыр пшагъуэм:

«Сыщытащ дэрбзэрым сникъуэдзэу,
Сыгъыуу Іэнысгъэ, мастэ пэбдзыр,
ЛэныстэкІэ Іэзэу кьыхэзбзыкІыр
ІэкІуэтъакІуэу мастэмкІэ издыкІыу.
Мастэ пІыгъыу зэгуэрым
КъыщІыхьащ и пхъур дэрбзэрым.
И пльэкІэ закъуэм, мастэм ещхьу,
Зыкъыхсуэкі Э щыхьыншэу си гущхьэм».

ЗэщІодыхьэшхэ хьэдэ къупщхьэхэр,
абы щІэнакІэу,
Нэщхъей дыдэу егІуанэр а гупым къахокІыр:

«Шиндерганнэ, Орландинэ,
Карл Моор, Ринальдинэ -
Ахэрат щхьэр яхуэзгъэщхьыу,
Сытым щыгъун кьызыстесхыр щапхъэ.
Си лъагъуныгъэмн, уеблэмэ
Ахэрат гъуэгуГъэльагъуэу щыскхуэблэр;

Псоми я фальэм щхьэхъ яхуэхскІахэт -
Арэзыуэ кьыскщытхъущ Ажалыр:
«Гурыхьщ, си къуэш, кьэбгупсыса Іэмалыр!»

Абы и жэуапу мэдыхьэшх хьэдэ къупщхьэхэр,
Етхуанэр къахокІуэт, кІапсэ кІапэ
къелэлэхыу и щхьэм:

«Зигъэпэкъыу шагъырым зыдефэм,
Зыщытхъужт егъэлеяуэ графыр:
«ЩІэмыьтъ щымыІэу бейщ си унэ уардэр,
Бгъуэтынукъым сипхъу тхьэІухудым хуэдэ»,
Сыхуейкъым зыкІи сэ уи унэ уардэм,
Упхъу тхьэІухудыр сиІэ закъуэм, псорн содэ.

ІункІыбзэ етакІэ нхъумэрт графым ахэр,
ТемыпльэкъуКІыу къэрэгъулхэр, хьэхэр.
Зыщахъумэр ахэр сэрмыра нэхъей,
Сэх лъагъэм си пкІэлъейр изоупсей.
Сыдохьэ пщІантІэм, и щхьэгъубжэм тхьэІухудым
Сыщыбгъэдыхьэм зэхьэзохьр зыгуэр шхыдэу:
«Сыт кьыщыпЛтъыхьэр графым и унэм?
И хъугъуэфІыгъуэм - хуенжщ езы знусхьэныр!»

Си лъакъуэр еубыд къэгубжьа знусхьэным,
Къызэхуожэсыр унэІутхэр! Сыт схуэщІэнур?
«Сыдыгъуакіуэкъым сэ, ахъшэ къэзмыльыхъуэ -
Сыхуейуэ аращ сыхуэзэну графым и пхъум!»

ПщІэншэу куэдрэ сайлъэІуащ, сыкІнящ сэ,
Ауэ псынщІэу къагъэхьэзыращ я кІапсэр.
Дыгъэр къыщІэкІащ, кьухьэжащ махунщкІэ,
Сэ щхьэпЫтъапІэм сыфІэтъщ, жьым сыщІнупскІэу».

ЗэщІодыхьэшхэ хьэдэ къупщхьэхэм я джэгур,
Къахокі еханэр, зы щхьэ гуэр нлъу и Іэгум:

«ЛъагъунытъэМ кърисыкІыу си гущхьэр,
Фоч къасщэрн сыкІащ а махуэм мэзым.
Къуаргъыжьыр си щхьэщыгум щыуфэразэт,
КІнІуэ: «Пальэнущ и щхьэр!»

«КьыщызукІынщи зы тхъэрыкъуэ мэзым,
Хуэсхьынщ фІыуэ сльэгъуа хъыджэбзым», -
Ар си гуращэу, сыпхокІ мэзым жьыжьэ,
Къэсльыхьхуэр чыцэ Іувым кьыщыззэжьэрт.

«Хэт абдеж щыбзэрабзэр? Тхъэрыкъуэ?
ТІуней къззукІынри мрокъурн.
Фочыр хьэзыру сабгъэдэпщхьэм щэхуу,
Кьызотъагъур си тхъэрыкъуэ пщхэур.

Си лъагъуныгъэр! ЩІыгъущ нэгъуэщІым
ІэплІэ гуащІэ дыдэхэр зэхуащІу...

ГЪЭМ ЩЭКІУЭГЪУЭМ И ТЕПЛЪЭРЩ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Прозэу тха усэ

Гъащiэм и гуэшэкIэ

ИIЭЖЩ езым и гуэшэкIэ гъащIэм, и насып тыкIэ, и гъэфIэкIэ. ИIэжщ езым и гуаэ тыкIэ гъащIэм, зэм лъэр щIигъэхуу, зм уиубзрэжьу, зыкъэпщIэжмэ, аргуэру къолъэпауэу. ИIэжщ езым и гуэшэкIэ гъащIэм. Трырегъадзэ си псэм сэ кIуэзыр. Сигу гуэвар а псом кIэлъэоплъ, кIуэзырым къыхуикIыр занщIэу къыгурыIуащ псо IуущыМ. КIуэзырыр зэрыгралъхьэу, фIыщIагъэм щхьэр сфIызэщIиблат. НтIэ сыт, гъащIэм и гуэшэкIэщ, дапщэщ сыкъыщыхуикIуэтар?! Псэм гур дэщIыгъуу мэгузавэ, кьищIащи кьыпэщыпъыр зэрыхьалъэр, зэрегъэзахуэ щхьэм хэкIыпIэу иIэр, гъуэгу нахуэ къыхуегъуэт хъэхункIэ хъунум. Мэгугъэ, гужьеигъуэ хэхуэм, пьагъуэм и нэхъыфIыр къыжезыIэнхэр ибзу, къыдэпэпкъунухэр гъунэжу иIэу щогугъ, мэгугъэ, сыт абы нэгъуэщI къыхуэнэжар? Гужьеигъуэм и архъуанэм срихьа нэужьщ къыщызгурыIуэр - сыщыуат. Я щIыбыр къэгъэзауэ, ди хъуреягъым зэхамыж защIаэу, губзыгъуэ гъащIэм хопсэлъыхь. ГущIэгъум, гу щабагъэм, псапэм, лъапIэныгъэу щыIэм хуабжьу топсэлъыхьэри, зым жиIэр адрейм зэхимыхьыж, зэпаид мэхъу. Нэщыпхъуэр Iуихыу пэжыр сэзыгъэлъэгъуа архъуанэр нэхъыфIу къэслыытэжауэ, щхьэр изохьэри, архъуанэ куэщIым сокIуэ... Къыттрилъхьэркъым тхуэмышэчим: гуныкъэгъуэуи, нэщхъеягъуэуи, гужьеигъуэуи сызыхэтар зэманым мылым хуэдэу егъэткIу. СыкъаруубIэу къыщIэкIащ, архъуанэм и щхэр къэсощIащ. Псы ныджэм сыкъыуидзэжамэ, щIыхущIэр згъэжIакъым, сыкъызыхэкIар згъэукIытакъым, щапхъэу сыкъахьмэ, фIыт зыхуагъасэр, къыщIэнэкIахэр иджы зэщIэнакIэрт.

IIэжщ езым и гуэшэкIэ гъащIэм, и насып тыкIэ, и къэгъэпщIэкIэ... Уи гум, уи псэм фIыр щытебгъэкIуэфмэ, ущымышынэ гъащIэм и гуэшэкIэм...

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ГушыIэхэр

Мелардырыбжэм и къуэр

ТАКСИСТЫМ ныбжь зиIэ лы гуэр я унэ Iуинэжати, гъуэгупщIэм хуэзэ ахьшэр кьритауэ щикIыжым, жриащ:

- Дыгъуасэ уи къуэр кIыбгъэжати, гъуэгупщIэм зэмыщI, доллар 50 кьыскуринащ машинэм.

- Пэжым хууейм, абы и адэр мелардырыбжэщ, сэ зеиншэу сыкъэхъуащ, - жиIащ лым.

Хэкiыпiэ къеГъуэт

IУЭХУЩIАПIЭ гуэрым хьэпшIыпхэр хамэ къэралхэм щыщынымкIэ и кьудамэм журт щIалэ щылажьэрт. Ар зи ужь ихьэ псори кьыззрехьуIэм папщIэ, кьыдзлажьхэр хуэзгуэпырти, хуэзфIэмыкIыи гуэр и пщэ иралъхьэну щIалэхэр зэгурыIуащ - Инджылызым «Запорожец» машинэ щищэну ягъэкIуащ. Зы мазэ нэхъ дэмыкIыу щIалэр къокIуэж, автомобиль зыкъом ящхуну зэгурыIуэныгъэ яришIылIауэ.

Ар зи жагъуэ хъуа кьыдэлажьхэм аргуэру Японием ауIыпщ совет калькулятор щищну. Илъэс ныкъуэ дэкIауэ кьокIуэж мин бжыгъэкIэ калькулятор зэращхуну дэфтэрым унафэщIым и Iэр щIэльу иIыгъуу. Кьыхуагупсысынур ямыщIэу, куэдрэ зэчэнджэщащ щIалэм кьыдэлажьэхэр. ИкIэмикIэжьм къагупсыс - Африкэм джэдыгу щищэну ягъакIуэ. Зы илъэскIэ хьыбар лъэпкъ иГакьом журтым. ЛэжьанIэм щIэхэр мэгуфIэ, я лэжьагъэр зэи къэмыкIуэжьи е и кьалэныр зэрыхуэмыгъэзэщIам щхьэкIэ IуагъэкIыжьи я гугъуэ. АрщхьэкIэ, зы ильэсым кьегъэзэж, и Iуэхур фIы дыдэ зэрыхьуам щыхьэт техьуэ тхылымпIэ иIыгъыу.

Абы щыгъуэм журтым кьыдэлажьэ щIалэхэр хэкIыпIэ кьазэрыхуэмынар кьафIэмыIуэхужу, щIалэм и лэжьэкIэм хьэщыкъ ищIауэ щIоущIэ, а псор зэрыхуэзфIэкIам.

- Инджылызым сыщыкIуам кьыхэрымыкIуэу псори тыншт. Уэрамым сыщрикIуэм зэрыжуртыр кьыумыщIэнкIэ Iэмал имылIу зы щIалэ гуэр кьыскуэкIуэрт. Ар кьэзгъэувыIэщ, зэзгъэщIыхущ, сызыхуеину щIыхуэм саришалIэщ, Парламентым хэт я щIыхугъэхэм епсальэри, законопроектыргъагъэкIащ. Япоием ем си пхъэкъгъу кьыщызгъэзтыным нэхъ гугъу сыдекъащ, ауэ сызэрыхуэзэу, зэрыжысIам хуэдэу, си Iуэхур дигъэкIащ. Африкэм журт кьыщызгъэзтыным нэхъэ нэхъ гугъу сыдекъащ Парламентрэ Правительствэрэ кьыщызэдгъэпэщыным. Зэрыгурыуэгъуэщи, адэкIэ Iуэхур хьарзынэу екIуэкIащ.

Iыхьэ-Iыхьэу дгуэшыркъым

ЩIЫПIЭ ихьдза гуэрым кьыдыу кьалащхьэм кьэкIуэ Iуащ. Ар ЩIэгуфIэщхъэр рестораным щIыхьэри, ИнтIэльитIэу тIысауэ Iэнэзехьэм жреIэ:

- Сом мин и уасэ ерыскъы гуэр кьыслуэхьыт.

- Кьыдэгъэгъу, ауэ дэ зыныгъуэр Iыхьипл I итщIыкIыркъым.

● Шхыныгъуэхэр

Кьэб хьэнтхъупс

КЬЭБ тхьэщIар гъуэщэ ялъэщI, Iупщэуурэ зэгуауд, и фэр трагъэжри, г 25-30 хуэ тыкIыр щыкIуурэ ящущIатэ. Щыуаным тхъу иралъхьэри кьыгъэтIылъ, абы кьэб ущIэтар халъхьэ, бэлагькIэ зэлащIэурэ жафIэ щабэм тету дакьикьий-пщIыкIэ ягъэжьэ, зэлащIэурэ псыеВ щакIэри, дакьикьэ 15 - 20-кIэ ягъавэ. Мис иджы псыр щIоВащIэ щыжаIм деж, кьэбыр шыуаным зэррилъу яуб. Шэ гъэпщта щIакIэ, зэIащIэурэ дакьикьипщI-пщыкIутху хуэдизкIэ мафIэ щабэкIэ ягъавэ. Иужьыр, фо е фошыгъу халъхьэри, зэIащIэурэ дакьикьи 5 - 6-кIэ ягъавэ. Кьэб хьэнтхъупсым и фэр гъуэжь дахэу, мэ гуакIуэ кьыхихьу щытщ. Езы хьэнтхъупсыр и IуварГкIэ мыраМысу щIэуIэм ещхьы. Пытыру яшх, лэкъуе е щIакъхуэ и гъусэу. Кьэб хьэнтхъупсыр гъэткIугъуафIэщ, сэбэпшхуэщ зи кIэгIиI, тхьэм-щIыгъу уэхэмкIэ. Витамин А куэду хэльщ.

Халъхьэхэр (зы щIыху Iыхьэ):

Кьэбу грамм 250-рэ
Псыуэ грамм 300
Тхьууэ грамм 60
Щэуэ грамм 450-рэ
Фоуэ е фошыгъуу грамм 30

Кхъуей лэкъум

МРЫ хьэщIэм япэ шхыныгъуэу хутрагъэувэу щытащ. Щэ кьышагъащIэ хуэбэм льатэпс хакIэри кхъуей хах. Ар щэжьпсым халъхьэжьри, кьэмыкъуэлъащIэу, и щыхэри тепIэуу сыкьэтрэ ныкьуэкIэ-тIыпкI ягъавэ, щэжьпсым и ныкьуэм фIэкIа кьимыынэжьыу. Щэжьпсыр ину кьэкъуалъэмэ, кхъуейр зэкIэрыщэщыщу. Кхъуей вар щэжьпсым кьыхахьыж, Iэнэм тралъхьэри, тхьэвым хуэдэу пIащIэу хуIхьэнкIэ яху. ИтIанэ лжьымым ещхьу зэпаупщIри тхъу кьэплъамкIэ ягъажьэ. ЧымчыркIэ кьыхахьыжри тепщэ-нэжьым иралъхьэ, фо щахуэ. Зыри щIымыгъуу яшх. Махъсымэ е щхупс фалъэкIэ дытрагъэувэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Унэгуащэхэм папщIэ

Лыр щывгъавэкIэ

Жэмыкуэ е кхъуейжьапхъэ щащIкIэ джэдыкIэ куэд халъхьэмэ, тхъу кьышщIыщIымыдз щыIэщ. ДжэдыкIэм шатэм кьышщIидз тхъур зыщIеф.

* * *

Нэхъыжьхэм джэд гъэва е гъэжьа щашхкIэ, джэдыфэр кьытрахырти цIыкIухэм иратырт яшхыну, нэхъ щIалэ фищIынущ, бланэ фIыхъунущ икIи нэхъыбзэр фыпсэунущ жаIэрти.

* * *

ПIастэ дияр яупщIэтэн и пэкIэ щхьэфэр трагъэж.

* * *

Хьэуаным и фэ гъэгъуар лы щагъавэкIэ халъхьэмэ, лыр нэхъ псынщIэу мавэ.

* * *

Дэшхуэр куэдрэ щыIытмэ, и IэфIыр щIокI.

* * *

Лыр мывэурэ псыр щIэвэщIамэ, псывэ щIакIэ. Псы щIыIэ щIэпкIэмэ, лыр пIлыжьфIыщIафэ ещI.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьнтхьажащ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Арджэныщ1ым и щэхур

Темыркъан Геннадий и псалъэ.

Мэзло Руслан

Налшык дэт Къэпкъ музейм «Адыгъэ» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэ гъэпIэгъуэн щокIуэкI. Арджэныщ1, УФ-м и Сурэтыщ1-хэм я зэгухьэныгъэм хэт Мэзло Руслан и Iэдакъэщ1эк1хэращ дыгъэм хуагъэдар.

ЛЪЭПКЪХЭМ кьадзэгъэгурыкIуэу, абыхэм я напщIэм теIуу щыта хьэпшIыпI, Iуэхутыгъэ куэд ди гъащIэм хокIуэдыкIыж. Абыхэм я пIэм нэгъуэщIхэр зэманым зэрыригъэувэм кьыхэкIыу, куэм-хуэмурэ ахэр кьамыгъэсэбэныж, щIыху Iэпщ1эльапщ1эхэри нэхъ мащIэ мэхъу. ИужькIэ гъащIэм и архъуанэм ирехьэри, зэгуэр дахагъэм, кьабзэльабзагъэм, узынщагъэм я щщалъэу щыта унэльащIэхэр, хьэкъущыкъухэр, хьэпшIыпхэр кьамыгъэзэжыну мэбзэхьыж. Ар я натIэ хъуащ Iэджэм, щIэбIэм уеупщIкIэ щыIауи ямыщIэу, уеблэмэ бзэм кьыхэна псалъэм и мыхьэнэр жыжьэуи кьагурымыIуэу. Л лейр кьытохьэ арджэнми...

Зы щIыхуэм зыгуэр хуэзэфIэкIыххэнымэ, лъэкI кьингъанэркъым ильэсибл ныбжьым иту арджэн щIын щIэзыдзауэ щыта Руслан. ГъащIагъэм ар дезыгъэхьэхар и анэращ. ФатIимэ арджэн щIыным щыхуегъасэ Мэзлохэ я унагъуэр щыпсэу Алътуд къуажэм дэт курыт еджапIэм.

ДизайнымкIэ колледж Налшык дэтыр кьиухащ, иужькIэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым декоративно-прикладной дизайнэжьмкIэ и факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Руслан. Иджыпсту езым кьиуха колледжым живописымрэ композициэмкIэ щрегъаджэ, «Фолк-дизайн» курсыщIэ кьызригъэпэщащ, арджэн, ущIэ щIыным, ятIэ гъэжьам елэжьыным щыхуигъэсэну.

- СыщыIыкIуам щегъэжьауэ нобэр кьыздэсым щIэ гуэр кьызэгъэлъыхъуэ, жеIэ Руслан. - Хабзэ хъуауэ къекIуэкI, дызэса арджэн щIыкIэм щэху Iэджэ хэлъщ, тхьипхъэ, дамыгъэ кьыщыхьахэм деж щегъэжьауэ къамылхэр зэрызэхэуухунэм деж щIэжьIыжу. Сэ зэман Iэджэ тезгъэкIуэдащ а дамыгъэхэр джыным, щIэхъ гупсысэр кьызгурыIуэныи. ЕджапIитI къэзухар мыхъуамэ, арджэнм ехьэлIауэ нобэ сызыдынэсам сыдлъэIэсыфынкIэ Iэмал иIытэкъым.

Гъэлъэгъуэныгъэм ди нэгу щыщIэкIыр кьызэрыгуэкI арджэн щIыкIэм и закъуэкъым. ПэIущIэ пэным щыфIэдзащ къамыл щабэкIэ зэIуща арджэнхэр, мащIэ-куэдми, тлъэгъуахэр, дызэсахэр. ЕтIуанэ пэшым щыплъагъур уи фIэщ пхуымыщIынным хуэдизщ. Пэж дыдэуи дыгъэщ - хъурейуэ щIар нэхъыбэщ - хэт нэхъ инщ, хэти нэхъ цIыкIущ. Псоми зэуэ уахэплъэмэ, жьжьэу уахъуэрэ «хущIэдэIуэм», къапкърыкI хуабагъэр зыхыбощIэ, нур кьащхьэщхыру кьыпщохъу. СщIэркъым, псалъэкIэ пхужьIэну си гугъэкъым ар, ауэ ди лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжым изогъащхъ, адыгэм кьыдэгъуэгурыкIуэу щыта псэгуапитъэр кьапкIрыкIыу. Зэ IуплъагъуэкIэ кьыпщохъу кьамылым и лъэдийр цIыкIу-цIыкIуу зэпыгъэщIащагъэ арэр дахэу лэжьыгъэм щызэкIэрыгъэщIажауэ аркъуейуэ. АрщхьэкIэ апхуэдэу тыншкъым ар - кьыбгуры-Iуэныи пщIынуи.

- Къамылымрэ арджэнудзымрэ я кумылэщ флъагъуэгъэ кьызысхэщIыкIар, - кьыддогуащэ Руслан. - Апхуэдэ кумылэр кьамыл псоми ярылъкъым, кьызэрыкI закъуэтIакъуэхэми Iуща куэд кьаХокIри, кьэбгъэсэбэп хуну кьыхэпхыфыр мащIэ дыдэщ.

Апхуэдэу еIэIэн хуей хэна псалъэм и мыхьэнэр жыжьэуи кьагурымыIуэу. Л лейр кьытохьэ арджэнми...

Зы щIыхуэм зыгуэр хуэзэфIэкIыххэнымэ, лъэкI кьингъанэркъым ильэсибл ныбжьым иту арджэн щIын щIэзыдзауэ щыта Руслан. ГъащIагъэм ар дезыгъэхьэхар и анэращ. ФатIимэ арджэн щIыным щыхуегъасэ Мэзлохэ я унагъуэр щыпсэу Алътуд къуажэм дэт курыт еджапIэм.

ДизайнымкIэ колледж Налшык дэтыр кьиухащ, иужькIэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым декоративно-прикладной дизайнэжьмкIэ и факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Руслан. Иджыпсту езым кьиуха колледжым живописымрэ композициэмкIэ щрегъаджэ, «Фолк-дизайн» курсыщIэ кьызригъэпэщащ, арджэн, ущIэ щIыным, ятIэ гъэжьам елэжьыным щыхуигъэсэну.

- СыщыIыкIуам щегъэжьауэ нобэр кьыздэсым щIэ гуэр кьызэгъэлъыхъуэ, жеIэ Руслан. - Хабзэ хъуауэ къекIуэкI, дызэса арджэн щIыкIэм щэху Iэджэ хэлъщ, тхьипхъэ, дамыгъэ кьыщыхьахэм деж щегъэжьауэ къамылхэр зэрызэхэуухунэм деж щIэжьIыжу. Сэ зэман Iэджэ тезгъэкIуэдащ а дамыгъэхэр джыным, щIэхъ гупсысэр кьызгурыIуэныи. ЕджапIитI къэзухар мыхъуамэ, арджэнм ехьэлIауэ нобэ сызыдынэсам сыдлъэIэсыфынкIэ Iэмал иIытэкъым.

Гъэлъэгъуэныгъэм ди нэгу щыщIэкIыр кьызэрыгуэкI арджэн щIыкIэм и закъуэкъым. ПэIущIэ пэным щыфIэдзащ къамыл щабэкIэ зэIуща арджэнхэр, мащIэ-куэдми, тлъэгъуахэр, дызэсахэр. ЕтIуанэ пэшым щыплъагъур уи фIэщ пхуымыщIынным хуэдизщ. Пэж дыдэуи дыгъэщ - хъурейуэ щIар нэхъыбэщ - хэт нэхъ инщ, хэти нэхъ цIыкIущ. Псоми зэуэ уахэплъэмэ, жьжьэу уахъуэрэ «хущIэдэIуэм», къапкърыкI хуабагъэр зыхыбощIэ, нур кьащхьэщхыру кьыпщохъу. СщIэркъым, псалъэкIэ пхужьIэну си гугъэкъым ар, ауэ ди лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжым изогъащхъ, адыгэм кьыдэгъуэгурыкIуэу щыта псэгуапитъэр кьапкIрыкIыу. Зэ IуплъагъуэкIэ кьыпщохъу кьамылым и лъэдийр цIыкIу-цIыкIуу зэпыгъэщIащагъэ арэр дахэу лэжьыгъэм щызэкIэрыгъэщIажауэ аркъуейуэ. АрщхьэкIэ апхуэдэу тыншкъым ар - кьыбгуры-Iуэныи пщIынуи.

- Къамылымрэ арджэнудзымрэ я кумылэщ флъагъуэгъэ кьызысхэщIыкIар, - кьыддогуащэ Руслан. - Апхуэдэ кумылэр кьамыл псоми ярылъкъым, кьызэрыкI закъуэтIакъуэхэми Iуща куэд кьаХокIри, кьэбгъэсэбэп хуну кьыхэпхыфыр мащIэ дыдэщ.

Апхуэдэу еIэIэн хуей хэна псалъэм и мыхьэнэр жыжьэуи кьагурымыIуэу. Л лейр кьытохьэ арджэнми...

Зы щIыхуэм зыгуэр хуэзэфIэкIыххэнымэ, лъэкI кьингъанэркъым ильэсибл ныбжьым иту арджэн щIын щIэзыдзауэ щыта Руслан. ГъащIагъэм ар дезыгъэхьэхар и анэращ. ФатIимэ арджэн щIыным щыхуегъасэ Мэзлохэ я унагъуэр щыпсэу Алътуд къуажэм дэт курыт еджапIэм.

ДизайнымкIэ колледж Налшык дэтыр кьиухащ, иужькIэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым декоративно-прикладной дизайнэжьмкIэ и факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Руслан. Иджыпсту езым кьиуха колледжым живописымрэ композициэмкIэ щрегъаджэ, «Фолк-дизайн» курсыщIэ кьызригъэпэщащ, арджэн, ущIэ щIыным, ятIэ гъэжьам елэжьыным щыхуигъэсэну.

- СыщыIыкIуам щегъэжьауэ нобэр кьыздэсым щIэ гуэр кьызэгъэлъыхъуэ, жеIэ Руслан. - Хабзэ хъуауэ къекIуэкI, дызэса арджэн щIыкIэм щэху Iэджэ хэлъщ, тхьипхъэ, дамыгъэ кьыщыхьахэм деж щегъэжьауэ къамылхэр зэрызэхэуухунэм деж щIэжьIыжу. Сэ зэман Iэджэ тезгъэкIуэдащ а дамыгъэхэр джыным, щIэхъ гупсысэр кьызгурыIуэныи. ЕджапIитI къэзухар мыхъуамэ, арджэнм ехьэлIауэ нобэ сызыдынэсам сыдлъэIэсыфынкIэ Iэмал иIытэкъым.

Гъэлъэгъуэныгъэм ди нэгу щыщIэкIыр кьызэрыгуэкI арджэн щIыкIэм и закъуэкъым. ПэIущIэ пэным щыфIэдзащ къамыл щабэкIэ зэIуща арджэнхэр, мащIэ-куэдми, тлъэгъуахэр, дызэсахэр. ЕтIуанэ пэшым щыплъагъур уи фIэщ пхуымыщIынным хуэдизщ. Пэж дыдэуи дыгъэщ - хъурейуэ щIар нэхъыбэщ - хэт нэхъ инщ, хэти нэхъ цIыкIущ. Псоми зэуэ уахэплъэмэ, жьжьэу уахъуэрэ «хущIэдэIуэм», къапкърыкI хуабагъэр зыхыбощIэ, нур кьащхьэщхыру кьыпщохъу. СщIэркъым, псалъэкIэ пхужьIэну си гугъэкъым ар, ауэ ди лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжым изогъащхъ, адыгэм кьыдэгъуэгурыкIуэу щыта псэгуапитъэр кьапкIрыкIыу. Зэ IуплъагъуэкIэ кьыпщохъу кьамылым и лъэдийр цIыкIу-цIыкIуу зэпыгъэщIащагъэ арэр дахэу лэжьыгъэм щызэкIэрыгъэщIажауэ аркъуейуэ. АрщхьэкIэ апхуэдэу тыншкъым ар - кьыбгуры-Iуэныи пщIынуи.

- Къамылымрэ арджэнудзымрэ я кумылэщ флъагъуэгъэ кьызысхэщIыкIар, - кьыддогуащэ Руслан. - Апхуэдэ кумылэр кьамыл псоми ярылъкъым, кьызэрыкI закъуэтIакъуэхэми Iуща куэд кьаХокIри, кьэбгъэсэбэп хуну кьыхэпхыфыр мащIэ дыдэщ.

Апхуэдэу еIэIэн хуей

Руслан и лэжьыгъэхэм щыщ

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ИСТЭПАН Залинэ.

Псалъэзэблэдз

Екiуэкiыу: **5.** Псы Iуфэ чыцэхэм е мэкъупIэхэм узыщIрихьлIэ кьуалэбзу цыкIу, щIагъуэу мылъэтэфу. **7.** Зи пхьаф щхьэнтIэ-хуэкьыфэ жыг. ТхылъымпIэ кьыхащIыкI. **12.** Губгъуэм кьыщрахьэлIэ гъавэр япэ щыкIэ щызэтракIуэ щIыпIэ. **13.** Мазэ хьэкъ, лэжьапщ. **14.** Пасэрей адыгэ зауэлым и джанэ. **15.** ... псы кIэрыщIэрэ? **16.** Доп псым адыгэхэр зэреджэр. **17.** Псы, гъэш хуэдэхэр зэрызэрахьэ кумбыгъэшхуэ. **19.** Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ усакIуэ Хьэхъупащэ Амырхан, ди республикэм и цIыхубэ артисткъ Щэрмэт Людэ сымэ я кьуажэ. **20.** А унэщIэр зэрахьэ: РСФСР-м и цIыхубэ артисткъ хьуа пшынауэ щэрыIуэм; Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист хьуа уэрэдусым; адыгэ тхакIуэм; адыгэ уэрэджыкIакIуэм. **25.** ПIхьэщхьэмыщхьэ. **26.** Хуэаскlэ кьызыхих мывэ быдэ. **29.** ... здэщымыIэм берыIэти щыIэкъым. **31.** КьаМэ Iэпщэр зэрагъэщIэращ. **33.** Нарт лIыхъэжь Щэуей и адэр. **35.** Кьыщокьуэ Алим и роман «Нал ...». **37.** Хадэм зэрилэжьыхь. **39.** Зыгуэрым и ухьилI, и кьэухь, и гуэш. **40.** Гъущ куэбжэ зиIэ гъущI ... щоущ. **41.** Пшынауэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артист. **42.** УпщIэм кьыхэщыкIа щыгъын щIыIутель. **43.** ... шей. Е кьэдыгъэ пIащIэхэм я льэдий гъуэхэр.

Кьехьыу: **1.** Зи гур иудауэ кьэхъуа цIыху. **2.** Зи гъащIэм и нэхъыбэр псым, псы щIыIэ щыIэныхь хьэкIэкъуэкIэ цIыкIу. **3.** ... нэху Тхьэм кьрит! **4.** Мывэ ... е ин дыдэ гуэр. **5.** Нартыхур бгъэльальэмэ, кьанэр. **8.** Джэд ... и пщыхьэгъуущ. **9.** ЦIыху псынщIэ, зи щхьэм имыт. **10.** Адыгэ лъэпкъ. **11.** ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **18.** ЦIыхубзыщIэ е Кьардэнгъущ Зырамыку, Шумахуэ Хьэрэрэ Iиал сымэ ягъэзащIэ уэрэд. **19.** Хьуржьныщхуэ, кьэп цIыкIу. **21.** Джэдкьаз. **22.** Гъэм и зэман. **23.** Нэхьапэм хамэ унагъуэм ираугъэпIу щыта сабий. **24.** БгитI зэхуаку. **27.** ПхъащIэ, ухуакIуэ Iэмэпсымэ. Унэ блэн зэтезыльхьэхэм кьагъэсэбэп, Iушэ хьурэ мыхъурэ кьращIэу. **28.** Езыр-езыру кьыщIэж псы. **30.** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта. **32.** Лэскэн рейоным щыщ кьуажэ. **34.** Адыгэ драматург цIэрыIуэ. **35.** Вакъэ, пыIэ щащIкIэ кьагъэсэбэп щапхъэ. **36.** КьурIэн цIыкIу. **37.** Сату щIапIэ. **38.** МафIэс ин.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Щэкiуэгъуэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екiуэкiыу: **3.** ЛIыгъэ. **8.** Абгъуэ. **10.** Псынэдахэ. **11.** Алим. **12.** Бгъэ. **13.** Нашэ. **14.** Пэш. **17.** КIэн. **18.** Махьи. **19.** Дерт. **24.** Дыгъужь. **26.** Щхьэхынэ. **27.** Щхьэм. **28.** Лэкъум. **29.** Псыдвэуэ. **32.** Щауэ. **37.** Пагуэ. **38.** Сыкьуэр. **41.** Нып. **43.** Хьэх. **44.** ЦIырхь. **46.** Пхьы. **47.** Надэ. **48.** БжьыхьэкIапэ. **49.** ЦIыхьэ. **50.** Джэду.

Кьехьу: **1.** ПIланэпэ. **2.** ХьэмфIанэ. **4.** Гъэсашэ. **5.** Псым. **6.** Iэбгъэ. **7.** Ахьи. **9.** БажэкIэ. **15.** Пхьэхь. **16.** Берн. **18.** Мы. **20.** Тху. **21.** Шьилъэгу. **22.** Тхьдэ. **23.** Хьэнуэ. **25.** Шьыж. **27.** Щыщ. **30.** Согуэ. **31.** Уадэ. **33.** Хьуп. **34.** Ер. **35.** Унэгуащэ. **36.** Хупщынэ. **39.** Щхьэнтэ. **40.** Яхэгъауэ. **42.** Ахьшэм. **45.** Хьыжьэ. **47.** Напэ.

● Прозэу тха усэ

ГъащIэм и гуэшэкIэ

ИIЭЖЩ езым и гуэшэкIэ гъащIэм, и насып тыкIэ, и гъэфIэкIэ. ИIэжщ езым и гуаэ тыкIэ гъащIэм, зэм лъэр щIигъэхуу, зм уиубзрэжьу, зыкъэпщIэжмэ, аргуэру кьолъэпауэу. ИIэжщ езым и гуэшэкIэ гъащIэм. Трырегъадзэ си псэм сэ кIуэзыр. Сигу гуэвар а псом кIэлъэоплъ, кIуэзырым кьыхуикIыр занщIэу кьыгурыIуащ псо IуущыМ. КIуэзырыр зэрыгралъхьэу, фIыщIагъэм щхьэр сфIызэщIиблат. НтIэ сыт, гъащIэм и гуэшэкIэщ, дапщэщ сыкьыщыхуикIуэтар?! Псэм гур дэщIыгъуу мэгузавэ, кьищIащи кьыпэщыпъыр зэрыхьалъэр, зэрегъэзахуэ щхьэм хэкIыпIэу иIэр, гъуэгу нахуэ кьыхуегъуэт хъэхункIэ хъунум. Мэгугъэ, гужьеигъуэ хэхуэм, пьагъуэм и нэхъыфIыр кьыжезыIэнхэр ибзу, кьыдэпэпкъунухэр гъунэжу иIэу щогугъ, мэгугъэ, сыт абы нэгъуэщI кьыхуэнэжар? Гужьеигъуэм и архъуанэм срихьа нэужьщ кьыщызгурыIуэр - сыщыуат. Я щIыбыр кьэгъэзауэ, ди хъуреягъым зэхамыж защIаэу, губзыгъуэ гъащIэм хопсэлъыхь. ГущIэгъум, гу щабагъэм, псапэм, лъапIэныгъэу щыIэм хуабжьу топсэлъыхьэри, зым жиIэр адрейм зэхимыхьыж, зэпаид мэхъу. Нэщыпхъуэр Iуихыу пэжыр сэзыгъэлъэгъуа архъуанэр нэхъыфIу кьэслыытэжауэ, щхьэр изохьэри, архъуанэ куэщIым сокIуэ... Къыттрилъхьэркъым тхуэмышэчим: гуныкъэгъуэуи, нэщхъеягъуэуи, гужьеигъуэуи сызыхэтар зэманым мылым хуэдэу егъэткIу. СыкьаруубIэу кьыщIэкIащ, архъуанэм и щхэр кьэсощIащ. Псы ныджэм сыкьыуидзэжамэ, щIыхущIэр згъэжIакъым, сыкьызыхэкIар згъэукIытакъым, щапхъэу сыкьахьмэ, фIыт зыхуагъасэр, кьыщIэнэкIахэр иджы зэщIэнакIэрт.

IIэжщ езым и гуэшэкIэ гъащIэм, и насып тыкIэ, и кьэгъэпщIэкIэ... Уи гум, уи псэм фIыр щытебгъэкIуэфмэ, ущымышынэ гъащIэм и гуэшэкIэм...

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ГушыIэхэр

Мелардырыбжэм и къуэр

ТАКСИСТЫМ ныбжь зиIэ лы гуэр я унэ Iуинэжати, гъуэгупщIэм хуэзэ ахьшэр кьритауэ щикIыжым, жриащ:

- Дыгъуасэ уи къуэр кIыбгъэжати, гъуэгупщIэм зэмыщI, доллар 50 кьыскуринащ машинэм.

- Пэжым хууейм, абы и адэр мелардырыбжэщ, сэ зеиншэу сыкьэхъуащ, - жиIащ лым.

Хэкiыпiэ къеГъуэт

IУЭХУЩIАПIЭ гуэрым хьэпшIыпхэр хамэ къэралхэм щыщынымкIэ и кьудамэм журт щIалэ щылажьэрт. Ар зи ужь ихьэ псори кьыззрехьуIэм папщIэ, кьыдзлажьхэр хуэзгуэпырти, хуэзфIэмыкIыи гуэр и пщэ иралъхьэну щIалэхэр зэгурыIуащ - Инджылызым «Запорожец» машинэ щищэну ягъэкIуащ. Зы мазэ нэхъ дэмыкIыу щIалэр кьокIуэж, автомобиль зыкъом ящхуну зэгурыIуэныгъэ яришIылIауэ.

Ар зи жагъуэ хъуа кьыдэлажьхэм аргуэру Японием ауIыпщ совет калькулятор щищну. Илъэс ныкъуэ дэкIауэ кьокIуэж мин бжыгъэкIэ калькулятор зэращхуну дэфтэрым унафэщIым и Iэр щIэльу иIыгъуу. Кьыхуагупсысынур ямыщIэу, куэдрэ зэчэнджэщащ щIалэм кьыдэлажьэхэр. ИкIэмикIэжьм кьагупсыс - Африкэм джэдыгу щищэну ягъакIуэ. Зы илъэскIэ хьыбар лъэпкъ иГакьом журтым. ЛэжьанIэм щIэхэр кьэсощIащ. Абы кьэб ущIэтар халъхьэ, бэлагькIэ зэлащIэурэ жафIэ щабэм тету дакьикьий-пщIыкIэ ягъэжьэ, зэлащIэурэ псыеВ щакIэри, дакьикьэ 15 - 20-кIэ ягъавэ. Мис иджы псыр щIоВащIэ щыжаIм деж, кьэбыр шыуаным зэррилъу яуб. Шэ гъэпщта щIакIэ, зэIащIэурэ дакьикьипщI-пщыкIутху хуэдизкIэ мафIэ щабэкIэ ягъавэ. Иужьыр, фо е фошыгъу халъхьэри, зэIащIэурэ дакьикьи 5 - 6-кIэ ягъавэ. Кьэб хьэнтхъупсым и фэр гъуэжь дахэу, мэ гуакIуэ кьыхихьу щытщ. Езы хьэнтхъупсыр и IуварГкIэ мыраМысу щIэуIэм ещхьы. Пытыру яшх, лэкъуе е щIакъхуэ и гъусэу. Кьэб хьэнтхъупсыр гъэткIугъуафIэщ, сэбэпшхуэщ зи кIэгIиI, тхьэм-щIыгъу уэхэмкIэ. Витамин А куэду хэльщ.

Халъхьэхэр (зы щIыху Iыхьэ):

Кьэбу грамм 250-рэ
Псыуэ грамм 300
Тхьууэ грамм 60
Щэуэ грамм 450-рэ
Фоуэ е фошыгъуу грамм 30

Кхъуей лэкъум

МРЫ хьэщIэм япэ шхыныгъуэу хутрагъэувэу щытащ. Щэ кьышагъащIэ хуэбэм льатэпс хакIэри кхъуей хах. Ар щэжьпсым халъхьэжьри, кьэмыкъуэлъащIэу, и щхьэри тепIэуу сыкьэтрэ ныкьуэкIэ-тIыпкI ягъавэ, щэжьпсым и ныкьуэм фIэкIа кьимыынэжьыу. Щэжьпсыр ину кь